Plizyè pwofesè edikasyon chofè ede FLHSMV nan bay novo chofè yo lisans. Elèv ki konplete egzamen lisans kondwi yo atravè kou DELAP ki apwouve yo nan lekòl publik oswa prive yo pral gen rezulta yo antre nan dosye tès FLHSMV pa pwo-fesè edikasyon chofè yo a.

Rezulta egzamen yo pral itilize pou emèt yon lisans pou moun kap aprann chofè oswa yon lisans chofè. Sepandan, sant sèvis lisans chofè a ka teste nenpòt elèv ankò sou yon baz o aza anvan yo bay yon lisans chofè.

TÈS TWAZYÈM PATI

Egzamen Konesans Klas E a disponib tou atravè founisè twazyèm pati FLHSMV apwouve. Elèv tout laj yo ka pran egzamen yo ak yon founisè ki ofri yo an pèsòn. Elèv ki poko gen 18 an ka pran egzamen konesans lan sou Entènèt.

Ou ka jwenn yon lis founisè twazyèm pati ki apwouve yo nan flhsmv.gov.

Egzamen Lisans yo

Moun k ap aplike pou yon lisans chofè orijinal Florida oblige pran egzamen sa yo:

- ◆ Depistaj Vizyon ak Tande
- ◆ Egzamen Konesans Klas E
- ◆ Tès Konpetans pou Kondwi

Pou yon lis eksepsyon yo, kote yo anile egzamen yo, **nan paj 4 la**.

DEPISTAJ VIZYON

Ou dwe mete lantiy korektif lè w ap kondwi si w bezwen mete lantiy kontak oswa linèt pou pase tès vizyon an. (Itilizasyon lantiy teleskopik pou satisfè nòm vizyèl yo pa rekonèt nan Florida.) Yo pral anile privilèj pou kondwi ou si ou pa kapab satisfè nòm vizyon minimòm yo.

- ◆ vizyon 20/40 oswa pi bon nan chak je avèk oswa san lantiy korektif reponn a egzijans eta a san yo pa refere a yon espesyalis nan je.
- ◆ Yo refere vizyon 20/50 oswa pi mal swa nan yon je oswa yon lòt avèk oswa san lantiy korektif yo bay yon espesyalis je pou amelyorasyon posib.
- ◆ Vizyon 20/70 nan youn nan je yo, oswa toude je yo ansanm ka pase apre yo fin refere w bay yon espesyalis nan je, bay vizyon ki nan je ki pi mal la pi bon pase 20/200.
- ◆ Si youn nan je yo avèg oswa 20/200 oswa pi mal, lòt je a dwe 20/40 oswa pi bon avèk oswa san lantiy korektif.
- ◆ Chan vizyon minimòm akseptab pou yon aplikan oswa chofè ki gen lisans se 130 degré.

EGZAMEN KONESANS KLAS E

Egzamen Konesans Klas E a konsiste de 50 kesyon chwa miltip sou:

1. Lwa trafik Florida yo,
2. Pratik kondwi san danje, epi
3. Identife kontwòl trafik yo.

TÈS KONPETANS POU KONDWI

Ou dwe bay yon machin (ki gen yon plak machin valab ak aspirans) pou tès konpetans pou kondwi a. Y ap enspekte machin ou an pou detèmine si li an sekirite pou yon tès kondwi. Yo p ap bay tès konpetans pou kondwi si egzaminatè a jwenn li:

- ◆ Klaksonn, retwovizè, siyal direksyon, volan, fren, kawotchou, limyè fren, oswa limyè dèyè yo defo oswa pa fonksyone.
 - ◆ Pa gen waypè vit sou bò chofè a.
 - ◆ Pa gen limyè devan yo opere lè vizibilite redwi.
 - ◆ Vit fann oswa kase ki anpeche vizibilite.
 - ◆ Viyèt ki ekspire.
 - ◆ Machin nan pa gen pòt.
 - ◆ Pòt devan yo pa louvri anndan ak deyò.
 - ◆ Machin nan pa gen chèz estasyonè.
 - ◆ Machin nan pa pèmèt chofè a bay siyal ak men lè sa nesesè.
 - ◆ Machin tip djip ki pa gen twal kad oswa pòt metal ki kenbe pa yon chanyè ak seri pòt.
 - ◆ Pa reponn ak kondisyon wotè defans yo.
 - ◆ Yon machin ki gen vitès ba.
- ◆ **Apwòch Travèse.** Antre nan liy ki apwopriye a epi gade nan chak direksyon.
 - ◆ **Fè Bak.** Fè bak yon distans 50 pye ak yon vitès dousman pandan w ap gade dèyè. Pa sèvi ak retwovizè oswa monitè kamera retwovizè.
 - ◆ **Swiv nan yon Distans ki San Danje.** Pa swiv twò pre dèyè lòt machin. Kenbe yon distans minimòm de twa a kat segonn.
 - ◆ **Obeyi Siy Stop yo.** Obeyi Siy Stop yo. Apwoche nan liy ki apwopriye a, kanpe nèt anvan ou rive nan liy arè oswa pasaj pou pyeton an, epi rete kanpe jiskaske ou ka deplase san danje.
 - ◆ **Obeyi Limyè Sikilasyon yo.** Antre nan liy ki apwopriye a epi apwoche limyè a nan yon vitès ki pral pèmèt ou kanpe si limyè a ta chanje. Lè limyè a vin vèt, pa avanse jiskaske lòt sikilasyon yo te debarase en-tèsekson an.
 - ◆ **Obsève Dwa Pasaj.** Pèmèt pyeton yo travèse, deteniw epi kanpe pou machin ijans, epi pa antre nan yon entèsekson kote ou pral entèfere ak lòt trafik.
 - ◆ **Pakin sou yon Pant.** Kòrèkteman pakin monte ak desann, avèk ak san yon twotwa.
 - ◆ **Double.** Gade devan ak dèyè pou asire w ou ka double san danje.

Yo pa pèmèt okenn lòt pasaje pandan egzamen an (sòf si yon entèprèt lang nesesè). Ou pral fè mannèv sa yo nan egzamen kondwi a:

- ◆ **Siyal ak Vire.** Antre nan liy apwopriye a epi bay siyal vire ou pou dènye 100 pye yo. Sèvi ak siyal men oswa siyal mekanik.
- ◆ **Rete nan Liy Apwopriye.** Kondwi nan liy dwat la eksepte nan yon lari a yon sèl vwa. Pa chanje liy yo jiskaske ou ka fè sa san danje.
- ◆ **Kanpe Byen Vit.** Fè yon kanpe rapid, san danje lè egzaminatè/ajan an ba w enstriksyon.
- ◆ **Pake Byen-Dwat.** Veyikil la ta dwe santre andedan espas la san okenn pati nan machin nan pa depase soti nan liy trafik la.
- ◆ **Vire Twa Pwen.** Vire machin nan yon espas 20–40 pye.
- ◆ **Sèvi ak yon Bon Pozisyon.** Kenbe tou de men yo sou volan an epi pa poze koud ou nan fenèt la.

Egzaminatè a pral eksplike nenpòt erè ou te fè apre tès la fini. Si w echwe tès ladrès pou kondwi a, yo pral mande w pou w etidye oswa praktike anvan w retounen pou w fè tès. Si w pase tès konpetans pou kondwi a, egzaminatè a pral kolekte frè a epi emèt lisans chofè w la.



EKRAN W LAN PA TOUJOU
MONTRÉ W TOUT ISTWA A



TEEN
SAFE
DRIVING
COALITION

FDOT

5 SEKON SE TAN MWAYEN JE W SÔTI SOU WOUT
LA PANDAN W AP ITILIZE SELILÈ OU A, EPI OU KA
RATE ANPIL NAN 5 SEKON. ATANT PAFÈ A.

Kondwi nan Florida se yon privilèj ou ganye. Anplis règ wout yo, ou dwe respekte lwa sa yo tou pou w ka kenbe privilèj ou genyen pou kondwi.

Lwa Asirans yo

Lalwa Florida mande pou chofè ak pwopriyetè machin yo kenbe asirans pou kouvri depans yo nan ka yon aksidan. Lwa sa yo gen ladan Lwa ki pa gen Fòt ak Lwa sou Responsablite Finansye.

Lwa Pa gen-Fòt

Anvan ou anregistre machin ou nan Florida, ou dwe montre prèv kouvèti **Pwotecksyon Aksidan Pèsonèl (PIP)** ak **Responsablite Domaj Pwopriyete (PDL)**. PIP kouvri blesi ou yo si w nan yon aksidan, kèlkeswa moun ki lakòz li. Kouvèti PDL peye pou domaj sou pwopriyete lòt moun ou te lakòz.

Chak pwopriyetè oswa moun ki responsab pou opere yon veyikil a motè sou wout Florida yo dwe:

- ◆ bay prèv asirans PIP ak PDL valab nan moman enskripsyon machin lan;
- ◆ gen yon minimòm \$10,000 nan PIP AK yon minimòm \$10,000 nan kouvèti PDL;
- ◆ achte kontra a nan men yon ajans asirans ki gen lisans pou fè biznis nan Florida;
- ◆ kenbe asirans lan kontinyèlman pandan peryòd enskripsyon an; epi
- ◆ toujou gen prèv asirans valab Florida ki disponib fasilman lè w ap kondwi machin nan sou wout Florida yo.

Ou dwe konfòme w si ou posede yon otomobil ki te nan eta a pandan 90 jou (konsektif oswa ki pa youn apre lòt) pandan dènye 365 jou yo. Ou dwe kenbe bon asirans oswa enskripsyon lisans chofè/plak lisans ou ka sispann.

Lalwa oblige konpayi asirans ou a pou notifye FLHSMV lè ou renouvele kontra ou an, si ou pa renouvele li lè li ekspire, si yo retire machin nan nan kontra ki gen yon anrejistremen ki valab, oswa si oumenm oswa konpayi asirans la anile kontra a. Si ou pa renouvele kouvèti ou a, li anile oswa si yo retire yon machin nan yon kontra a, FLHSMV ap voye yon avi ba ou ke ou dwe bay prèv novo kouvèti asirans lan. Si ou pa bay prèv novo asirans, yo ka sispann lisans chofè w ak plak lisans ou yo pou jiska twazan.

Si ou pa kenbe kouvèti asirans la pandan peryòd anrejistremen machin nan, ou dwe remèt plak machin nan nan nenpòt sant sèvis lisans chofè. Remèt plak ou a anvan ou anile asirans ou a pou anpeche sispanyon lisans ou epi pou evite frè retablisman yo.

Toujou mache ak prèv asirans lè oumenm oswa yon lòt moun ap kondwi machin ou. Konpayi asirans ou a ap ba ou yon kat idantite Asirans Florida. Ou dwe gen kat la (oswa prèv elektwonik sou yon telefòn entelijan) avèk ou lè w ap kondwi. Ou ka resevwa yon sitasyon si yon ofisyè ki fè respekte lalwa ta kanpe w epi ou pa gen prèv asirans avèk ou. Ou pral oblige ale nan tribinal pou pwouve ke ou te gen kouvèti asirans nan moman

yo te kanpe w la, si non yo ka sispann lisans chofè ou. Si w pa gen prèv epi jij la kondane w, y ap sispann lisans chofè w ak plak machin ou. Pou w ka leve sispansyon an, w ap oblige jwenn asirans epi w ap peye yon frè pou reyentegrasyon (\$150 a \$500).

Si lisans chofè w la ak plak lisans ou an sispann pou 30 jou oswa plis, yon ofisyé lapolis ka sezi plak machin ou imedyatman. Ofisyé a ka mennen w nan prizon tou pou w kondwi ak yon lisans ki sispann, ki se yon deli premye degré ki pini jiska yon ane nan prizon ak yon amann \$1,000.

Si yo sispann lisans ou oswa plak machin ou paske ou pa gen asirans, ou p ap kapab jwenn yon lisans tanporè pou nenpòt rezon, pa menm pou ale nan travay. Si w montre yon ofisyé lapolis yon kat asirans lè w konnen yo te anile asirans lan—oswa si w falsifye kat la—yo ka arete w epi akize w pou yon deli dezyèm degré.

FLHSMV ap ba w yon opôtinité pou w pwouve kouvèti asirans oswa pou w gen yon odyans administratif. Lè ou resevwa avi sispansyon lisans ou a ou ka mande yon odyans; otreman, yo p ap pwogramme youn pou ou.

Lwa sou Responsabilite Finansye

Anplis pwoteksyon PIP ak PDL ki obligatwa a, si w nan yon aksidan, w ap oblige pwouve ke w responsab finansye-man pou tout domaj ou te koze. Ou ka pwouve responsabilite finansye sa a lè w gen yon asirans nan men yon konpayi ki gen lisans pou fè biznis nan Florida, oswa ou ka jwenn yon Sètifikasi esponsabilite Finansye nan FLHSMV.

Jwenn plis enfòmasyon sou Sètifikasi Responsabilite Finansye yo nan flhsmv.gov.

Tou depan de dosye kondwi ou, ou ka oblige jwenn asirans adisyonèl ki depase kondisyon debaz PIP ak PDL. Pa egzanp, lwa Florida egzije w pou w gen yon asirans Responsabilite pou Aksidan Kòporèl (BIL)—ak plis kouvèti asirans PDL—lè yo kondane w poutèt w Kondwi Anba Enfliyans (DUI). Kouvèti ki nesesè nan yon ka konsa dwe omwen \$100,000 BIL pou blesi yon moun, \$300,000 BIL pou blesi de moun oswa plis, ak \$50,000 PDL. Kouvèti ki pi wo sa a dwe anvigè pandan twazan apre kondanasyon w pou DUI. Limit ki pi wo yo p ap aplike ankò si yo pa kondane w pou yon lòt DUI oswa nenpòt ofans trafik krim pandan peryòd twazan sa a.

Lalwa egzije lòt limit pwoteksyon ki pi wo si: yo sispann lisans pou kondwi w poutèt akimilasyon twòp pwen pou enfraksyon; ou lakòz yon aksidan epi moun te blese; yo te revoke lisans kondwi w pou estati Ofansè Trafik Abilityè; oswa yo te revoke lisans chofè ou pou nenpòt ki ofans grav. Kouvèti obligatwa pou ka sa yo se \$10,000 BIL pou blesi yon moun, \$20,000 BIL pou blesi de moun oswa plis, \$10,000 PDL; OSWA limite senp konbine \$30,000.

Si ou pa bay prèv limit pwoteksyon ki pi wo yo, yo pral sispann lisans chofè ou ak/ oswa plak machin ou pou jiska twazan.

Anplis de sa, si ou se chofè oswa pwopriyetè yon veyikil ki enplike nan yon aksidan ki se fòt ou, FLHSMV ka mande w peye pou domaj yo anvan privilèj kondwi ou rebabli.

Restriksyon pou Minè yo (Kondwi Pandan Kouvrefe)

- ◆ Minè ki gen yon **lisans aprantisaj** dwe akonpaye pa yon chofè ki gen lisans ki gen 21 an oswa plis, epi yo dwe kondwi sèlman pandan lajounen. Apre 3 mwa ou ka kondwi jiska 10 pm.
- ◆ Yon **chofè ki gen lisans 16 an** pa gen gendwa kondwi ant 11 pm ak 6 am sof si lap kondwi pou ale oswa soti nan travay oswa akonpaye pa yon chofè ki gen 21 an oswa plis.
- ◆ Yon **chofè ki gen lisans ki gen 17 an** pa gen gendwa kondwi ant 1 am ak 5 am, sof si lap kondwi pou ale oswa soti nan travay oswa akonpaye pa yon chofè ki gen lisans ki gen 21 an oswa plis.

Lwa sou Vyolasyon Lisans Chofè a

Yo ka mete w nan prizon oswa oblige w peye yon amann pou enfraksyon sa yo:

- ◆ Modifye lisans ou nan nespòt fason.
- ◆ Itilizasyon lisans ou ilegalman.
- ◆ Pèmèt yon lòt moun itilize lisans ou a.
- ◆ Fè yon fo aplikasyon pou yon lisans chofè oswa kat idantite.
- ◆ Gen plis pase yon tit (lisans chofè ameriken oswa kat idantite).
- ◆ Pèmèt yon moun ki pa gen lisans itilize machin ou, oswa lwe yon machin bay yon moun ki pa gen lisans.
- ◆ Fè fo deklarasyon bay lapolis oswa nan yon sal tribinal.
- ◆ Bay fo enfòmasyon ak tout konsyans nan rapò aksidan yo.

Vyolasyon Pèmi Pakin pou Moun ki Andikape

Si w gen yon pwoblèm mobilite, ou pa oblige peye frè pakin nan okenn lari piblik, otoutou oswa espas ki mezire epi ou ka estasye nan espas ki rezèv pou moun ki gen andikap. Sepandan, ou dwe montre yon pèmi pakin oswa yon plak pou pakin nan espas ki deziyen sa yo epi machin nan dwe aktyèlman ap transpòte moun ki gen andikap la ki posede pèmi oswa anrejistrem an.

Nenpòt moun ke yo jwenn oswa ki sèvi ak yon pèmi ki pa pou yo ka akize pou yon deli dezyèm degre, ki kapab pini avèk yon amann \$500 oswa jiska 6 mwa nan prizon, epi yo ka remoke machin ki estasyone ilegalman an epi yo ka konfiske pèmi a.

Kondwi Anba Enfiliyans (DUI)

Yo ka akize w pou Kondwi Anba Enfiliyans (DUI) si yo jwenn ou ap kondwi oswa ou gen kontwòl fizik sou yon machin pandan w anba enfiliyans bwason ki gen alkòl, sibstans ki sou kontwòl, preskripsyon, oswa medikaman san preskripsyon.

Nan moman arrestasyon an, yo pral sispann lisans ou administrativman si ou gen yon nivo alkòl souf oswa alkòl nan san (BAL) .08 oswa pi wo, oswa refize soumet pou yon tès souf/alkòl nan san.

LWA KONSANTMAN ENPLIKE

Y ap mande w pou w fè yon tès san, yon tès pipi, oswa yon tès souf si yon ofisyel lapolis gen yon motif rezonab pou kwè ke w anba enfiliyans alkòl oswa dwòg pandan w ap kondwi. **Dapre latwa, ou te dakò lè w siyen lisans chofè w la pou w pran tès sa yo si w mande w.**

Si w refize pran tès yo lè w mande w, y ap sispann lisans ou otomatikman pou yon ane.

Yon dezyèm refi pral lakòz yon sispan syon 18 mwa ak yon deli premye degre.

Nan ka DUI ki enplike lanmò oswa blesi grav, w ap oblige fè yon tès san avèk oswa san konsantman w. Se yon doktè, yon enfimyè oswa yon lòt pwofesyonèl sante ki dwe pran san an. Yo ka pran san men si w san konesans.

SANKSYON POU DUI

Premye Kondanasyon DUI

- ◆ Amann: \$500–\$1,000 (BAL .15 oswa pi wo oswa minè nan veyikil la, pa mwens pase \$1,000 oswa plis pase \$2,000).
- ◆ Sèvis kominotè: 50 èdtan.
- ◆ Pwobasyon: Jiska 1 ane.
- ◆ Anprizònman: Pa plis pase 6 mwa (BAL .15 oswa pi wo oswa minè nan veyikil la, pa plis pase 9 mwa).
- ◆ Anilasyon Lisans: Minimòm 180 jou.
- ◆ Lekòl DUI: 12 èdtan.
- ◆ Evalyasyon fêt pou detèmine bezwen tretman pou moun adikte.
- ◆ Aparèy Ignisyon Intèlòk: si tribinal la bay lòd (si BAL .15 oswa pi wo, oswa minè nan veyikil la, omwen sis mwa konsekitif).

Dezyèm Enfraksyon/Kondanasyon DUI

- ◆ Amann: \$1,000–\$2,000 (BAL .15 oswa pi wo oswa minè nan veyikil la, pa mwens pase \$2,000 oswa plis pase \$4,000).
- ◆ Anprizònman: Pa plis pase 9 mwa.
- ◆ Anilasyon Lisans: Minimòm 180 jou.
- ◆ Lekòl DUI: 21 èdtan.
- ◆ Evalyasyon fêt pou detèmine bezwen tretman pou moun adikte.

- ◆ Aparèy Ignisyon Intèlòk: Omwen yon ane kontinyèl.

Twazyèm Enfraksyon/Kondanasyon DUI

- ◆ Amann: \$2,000–\$5,000 (BAL .15 oswa pi wo oswa minè nan veyikil la, pa mwens pase \$4,000).
- ◆ Anprizònman: Pa plis pase 12 mwa.
- ◆ Anilasyon Lisans: Minimòm 180 jou.
- ◆ Lekòl DUI: 21 èdtan.
- ◆ Evalyasyon fêt pou detèmine bezwen tretman pou moun adikte.
- ◆ Aparèy Vewouyaj a Ignisyon: Omwen de ane konsekitif.

ZERO TOLERANS

Nenpòt chofè ki poko gen 21 an ke lapolis sispan epi ki gen yon BAL .02 oswa pi wo pral otomatikman gen privilèj kondwi yo sispan pou sis mwa.

Nenpòt chofè ki poko gen 21 an ki gen yon BAL .05 oswa pi wo oblige ale nan yon kou pou abi sibstans.

Y ap fè yon evalyasyon epi yo pral avize paran oswa gadyen legal yo rezulta yo pou tout chofè ki poko gen 19 an yo.

Lalwa Eta Florida di ke **si yo kondane w pou posede, vann oswa trafik dwòg, tankou marigwana, yo dwe sispan lisans chofè ou a.**

Anplis de sa, si gen dwòg nan machin ou paske w ap itilize machin ou pou transpòte, vann oswa distribye dwòg, oswa pou w ede komèt nenpòt lòt krim, lè sa a yo ka sezi machin ou epi konfiske yo bay ajans ki fè arrestasyon an kòm kontrebann.

Fatra

Se yon krim pou jete fatra lèw nan yon machin kèlke swa kantite a sou nenpòt ki gran wout, wout oswa lari. Si w jete fatra jiska 15 liv sou wout la, ou ka peye yon amann \$100. Si w jete plis pase 15 liv fatra, yo ka akize w pou yon deli premye degré, ou ka peye w yon amann jiska \$1,000, epi w ap resevwa 3 pwen sou dosye w pou kondwi. Tribunal la ka mande w tou pou w ranmase fatra sou wout yo.

Double yon Bis Lekòl ki Kanpe

Sanksyon pou double yon otobis lekòl ki kanpe gen ladan yo:

- ◆ Vyolasyon Deplasman sijè a sitasyon;
- ◆ Dwe konplete yon kou debaz amelyorasyon chofè;
- ◆ Kat pwen sou lisans ou;
- ◆ Amann minimòm \$265, si w pase bò kote timoun yo antre epi sòti, w ap resevwa yon amann minimòm \$465.

Si lèè doublé a lakòz blesi grav oswa lanmò yon lòt moun, penalite yo enkli:

- ◆ Sèvi 120 èdtan sèvis kominotè nan yon sant chòk oswa lopital;
- ◆ Patisipe nan panèl enpak yon viktim oswa kou amelyorasyon chofè;
- ◆ Sis pwen sou lisans ou;
- ◆ Sispansyon lisans pou yon minimòm de yon ane; epi;
- ◆ Yon amann \$1,500.

Pou plis enfòmasyon sou lè w ka double yon otobis lekòl, **nan paj 88.**

Dega sou Wout la

Li kont lalwa pou andomaje wout yo lè w ap kondwi sou jant yon kawotchou ki plat oswa pa nenpòt lòt mwayen.

Senti Sekirite ak Sekirite Pasaje Timoun

SENTI SEKIRITE

Senti sekirite sove lavi, men sèlman si yo mete kòrèkteman chak fwa ou nan yon machin a motè! Ou gen plis chans pou yo mouri nan yon aksidan si ou pa mete yon senti sekirite. Nan yon aksidan, senti sekirite ou pwoteje w pou ou pa:

- ◆ vole soti nan machin nan;
- ◆ voye w al frape ak lòt pasaje yo, volan ou, oswa vit devan; epi
- ◆ dèyè volan an, kote ou ka kontwole veykil la.

Mete an menm tan ni senti ren an ak senti zepòl la. Mete sentiwon pou janm ou nan ranch ou epi mete senti zepòl ou sou pwatrin ou. Senti sekirite w la p ap travay si li pliye pa dèyè w. **Èrbag yo pa yon ranplasan pou senti sekirite yo!**

CHÈZ POU SEKIRITE PASAJYE TIMOUN/RETNI

Pi bon chèz timoun nan se youn ki adapte pitit ou a, ki adapte machin ou, epi ke ou ka itilize kòrèkteman chak fwa. Li manyèl enstriksyon chèz machin lan ak pati nan manyèl pwopriyetè machin ou sou enstalasyon chèz machin. Timoun ki poko gen 13 ane ta dwe mete an sekirite nan chèz dèyè a paske èrbag yo ka blese oswa touye timoun piti nan chèz devan an. Pa janm mete yon chèz machin ki fè fas a dèyè devan yon èrbag.

Se responsabilite paran an oswa gadyen pou bay yon chèz sekirize apwopriye pou timoun lè w ap transpòte yon timoun nan yon machin lokasyon (pa egzanp, taksi, otobis, limozin).

LALWA FLORIDA EGZIJE

- ◆ Tout chofè, chèz pasaje devan yo, ak pasaje ki poko gen 18 an mete senti sekirite*.
- ◆ Timoun ki poko gen laj 4 an dwe nan yon chèz sekirite epi timoun ki gen laj 4 ak 5 an dwe sou yon chèz sekirite oswa yon chèz pou ranfòse.

Yo pral akize chofè yo pou yon vyolasyon senti sekirite/sistè sipò timoun si nenpòt pasaje ki poko gen 18 an pa byen pwoteje. Pasaje ki gen 18 an oswa plis yo pral akize pou vyolasyon an si yo pa mete senti sekirite lè lalwa egzije sa.

Ou Bezwèn Asistans Syèj Machin?

Kit ou fèk enstale yon chèz machin, oswa si ou bezwen èd pou enstale oswa itilize youn, jwenn èd nan yon estasyon ekipman chèz machin toupre ou. Teknisyen sètifye yo pral tcheke chèz machin ou a (gratis nan pifò ka yo) epi yo pral montre w kijan pou w enstale li kòrèkteman.

Jwenn yon Estasyon Enstalasyon Florida:

[www.floridaoprc.ce.ufl.edu/oprc/
Fitting_Stations.asp](http://www.floridaoprc.ce.ufl.edu/oprc/Fitting_Stations.asp)

Pasaje nan yon otobis lekòl ki ekipe ak senti sekirite oswa sistèm kontrent dwe mete yon senti sekirite oswa kontrent byen ajiste epi byen tache tout tan pandan otobis lekòl la ap fonksyone

EGZANPSYON YO

Lalwa Florid egzante sa ki annapre yo nan egzijans senti sekirite a:

- ◆ Yon moun ke doktè sètifye ki gen yon kondisyon medikal ki lakòz senti sekirite a pa awopriye oswa danjere. (Kenbe yon kopí sètifi-

- kasyon pandan w ap kondwi oswa pandan w ap monte nan yon machin.
- ◆ Anplwaye jounal nan yon sèvis livrezon domisil pandan y ap livre jounal.
- ◆ Otobis lekòl yo te achte nèf anvan 31 desam 2000.
- ◆ Otobis yo itilize pou transpòte moun pou konpansasyon.
- ◆ Ekipman agrikòl.
- ◆ Kamyon ki gen yon pwa nèt ki gen plis pase 26,000 liv.
- ◆ Yon senti sekirite (san chèz apwent) ka itilize sèlman pou timoun 4-5 an lè chofè a pa yon manm fanmi imedya timoun nan epi yo transpòte timoun nan kòm yon favè oswa nan yon ijans.

* Gen kék egzanpsyón ki aplike pou machin ki te fabrike anvan 1968 ak kamyon anvan 1972.

Vitès

Vitès mete tout moun sou wout la an danje. Obeyi limit vitès epi pa kondwi agresif amelyore sekirite nan diminye pwobabilite ak severite aksidan. Tout otomobilis dwe obeyi limit vitès epi yo responsab pou konnen limit vitès sou wout la. Nan Florida, limit vitès la p ap janm pi wo pase 70 kilomèt alè.

Sitasyon ak vitès ka lakòz amann ak pwen sou dosye kondwi ou.

- ◆ Amann pou depase limit vitès la plis pase 50 MPH se \$1,000 pou premye enfraksyon an ak \$2,500 pou dezyèm nan.
- ◆ Yap double Amann yo lè enfraksyon vitès yo fèt nan yon zòn lekòl oswa yon zòn konstriksyon, ak posiblite penalite sivil jiska \$1,000, epi yo ka

mande w pou w konplete yon kou kondwi.

Aksidan Sikilasyon yo

Si yo akize w nan yon aksidan, ou ka oblige ale nan tribunal. Ofisyè lapolis ki vin sou plas aksidan an pral pote plent kont nenpòt chofè ki vyole lwa sikilasyon an. Moun yo akize yo pral gen yon chans pou yo tandé yo nan tribunal la. Lè sa a, tribunal la ap deside penalite a. Lòt moun ki te preznan aksidan an ka oblige vin nan tribunal kòm temwen.

Si yo jwenn ou koupab nan yon aksidan kote nenpòt moun te blese epi transpòte nan yon etablisman tretman medikal, oswa si se dezyèm kolizyon ou nan yon peryòd de ane, lalwa pral oblige w patisipe nan yon kou pou evite kolizyon trafik.

LALWA TWA AKSIDAN NAN YON ANE

Si yo te kondane w oswa si yo te plede pou twazyèm ofans trafik ou a ki te lakòz yon aksidan nan 36 mwa, ou dwe konplete yon kou amelyorasyon chofè FLHSMV apwouve ki gen ladann fòmasyon dèyè volan ak yon evalyasyon sou ou. kondwi an tout sekirite.

Ou dwe:

- ◆ swiv yon kou 12 èdtan pou Amelyorasyon Avanse Chofè (ADI);
- ◆ resevwa 4 èdtan fòmasyon dèyè volan nan yon lekòl kondwi komèsyal ki gen lisans (CDS); epi
- ◆ pase tès pou kondwi pwolonje a ak yon egzaminatè lisans kondwi.

Si w pa ranpli egzijans yo nan 90 jou, sa pral lakòz lisans li anile.

Sistèm Pwen an

Gen enfraksyon ki ka lakòz pèt oswa restriksyon privilèj ou pou kondwi. Ou resevwa pwen pou vyolasyon deplase. Si ou akimile twòp pwen nan yon sèten peryòd tan, yo pral sispann lisans ou epi yo ka revoke l.

- ◆ 12 pwen nan yon peryòd 12 mwa—30 jou sispansyon
- ◆ 18 pwen nan yon peryòd 18 mwa—3 mwa sispansyon
- ◆ 24 pwen nan yon peryòd 36 mwa—1 an sispansyon

Chofè a resevwa menm kantite pwen ki nan lis la si kondanasyon an fèt andeyò eta oswa nan yon tribunal federal.

Restriksyon Obligatwa pou Minè yo

Nenpòt chofè ki pokò gen 18 an ki akimile 6 pwen oswa plis nan yon peryòd 12 mwa gen restriksyon otomatikman pou yon ane pou kondwi pou rezon biznis sèlman.

Si yo akimile pwen adisyonèl, restriksyon an pwolonje pou 90 jou pou chak pwen adisyonèl yo resevwa.

Vyolasyon Komen yo ak Valè Pwen ki Asosye

Sa a se yon lis vyolasyon komen ak valè pwen ki asosye yo.

Vyolasyon	Pwen yo
Vitès ilegal 15 MPH oswa mwens pase vitès legal oswa afiche	3
Vitès ilegal 16 MPH oswa plis pase vitès legal oswa afiche	4
Vitès ilegal ki lakòz yon aksidan	6
Kite sèn yon aksidan ki lakòz domaj sou pwopriyete plis pase \$50	6
Voye tèks pandan w ap kondwi	3
Tap voye tèks nan yon zòn lekòl (pwen yo te ajoute sou ofans prensipal la)	+3*
Te lakòz yon aksidan akoz voye tèks	+6*
Vyolasyon limyè/pano/aparèy sikilasyon	4
Double yon otobis lekòl ki kanpe	4
Double yon otobis lekòl ki kanpe sa ki lakòz blesi grav oswa lanmò	6
Kondwi ensousyan	4
Kondwi pandan lè restriksyon yo	3
Sèvi ak yon aparèy pòtatif nan yon travèse lekòl, zòn lekòl oswa zòn travay	3

*Pwen yo ajoute nan enfraksyon prensipal la.

Pèdi Privilèj pou Kondwi

Chak chofè ki jwenn yon lisans dwe kondwi avèk prekosoyen pou kenbe li. Si w vyole lwa oswa si w vin yon chofè danjere, yo ka sispann, revoke oswa anile lisans ou. Tablo ki anba la a gen ladan kèk—men se pa tout—nan rezon ki fè yon moun ka pèdi privilèj pou kondwi. Rezoud kontravansyon trafik ou yo alè pou ou pa pèdi privilèj ou pou kondwi.

Remak: Si w pèdi kosyon epi w pa ale nan tribinal pou w pa kondane pou kondwi danjere, sa konte menm jan ak yon kondanasyon.

Sispansyon yo

Y ap **SISPANN** lisans ou (retrè tanporè privilèj ou pou kondwi) si ou:

- ◆ Fè yon aplikasyon pou lisans chofè nan fwod.
- ◆ Pèmèt itilizasyon lisans ou a pou yon objektif ki kont lalwa.
- ◆ Yo kondane w nan tribinal trafik epi tribinal la bay lòd pou yo sispann lisans ou.
- ◆ Refize fè yon tès pou montre si w ap kondwi pandan w anba enfliyans alkòl oswa dwòg.
- ◆ Mal sèvi ak yon lisans ki genyen restriksyon.
- ◆ Akimile yon sèten kantite pwen pou ofans trafik sou sistèm pwen an.

- ◆ Vyole yon lwa trafik epi pa peye amann lan oswa parèt nan tribinal jan yo mande sa.
- ◆ Pa peye pansyon alimantè timoun.
- ◆ Pa mache ak asirans machin lan.
- ◆ Pa kanpe pou yon bis lekòl.
- ◆ Komèt vòl nan yon boutik.
- ◆ Pa konfòme ak kondisyon edikasyon yo (abandon lekòl).

Revokasyon yo

Yo dwe **REVOKE** lisans ou (anile privilèj pou kondwi ou yo) si yo jwenn ou koupab de (oswa dosye depatman yo montre):

- ◆ Kondwi pandan w anba enfliyans alkòl, dwòg oswa lòt sibstans kontwole.
- ◆ Yon krim kote yo itilize yon machin a motè.
- ◆ Pa kanpe pou ede lè machin w ap kondwi a enplike nan yon aksidan ki lakòz lanmò oswa blesi pèsònèl.
- ◆ Bay manti sou pwopriyetè oswa operasyon machin a motè.
- ◆ Twa ka kondwi danjere nan yon ane.
- ◆ Yon zak imoral kote yo te itilize yon machin a mote.
- ◆ Twa gwo ofans oswa 15 ofans pou ki ou resevwa pwen nan yon peryòd 5 ane.
- ◆ Yon krim pou posesyon dwòg.
- ◆ Vizyon ou pi mal pase kondisyon minimòm estanda yo.
- ◆ Ap fè kous sou gran wout la.

Anilasyon yo

Lisans ou a ka **ANILE** (anile ak sispann) si:

- ◆ Yo te ba w lisans la pa erè.
- ◆ Ou bay fo enfòmasyon oswa idantifikasyon.
- ◆ Ou pa t pase nan yon lekòl obligatwa.

Odyans Administratif yo

Si yo sispann oswa anile privilèj pou kondwi ou, ou ka elijib pou aplike pou yon lisans pou difikilte oswa pou reyente-grasyon. Pou jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon, kontakte biwo lokal Biwo Revizyon Administratif (BAR), sant sevis lisans kondwi oswa Sant Sèvis Kliyan FLHSMV. Pou pwograme yon odyans administratif ale sou MyDMVPortal.flhsmv.gov.

Si yo sispann administrativman w pou yon souf oswa yon nivo alkòl nan san .08 oswa pi wo, oswa si refize soumèt pou yon tès souf, pipi, oswa san epi ou vle fè apèl kont sispansyon sa a, ou dwe aplike pou yon odyans revizyon fòmèl oswa enfòmèl nan biwo BAR awopriye nan 10 jou apre dat arrestasyon w la.

Yon premye ofansè DUI ki pa t janm gen okenn ofans ki gen rapò ak DUI anvan, ka elijib pou mande yon revizyon sou kalifikasyon pou restriksyon yon lisans kondwi. Lè li aksepte restriksyon yon lisans pou kondwi, chofè a dakò pou li renonse dwa pou yon revizyon sispansyon an. Pou chwazi opsyon sa a, chofè a dwe parèt nan yon biwo BAR nan lespas 10 jou apre arrestasyon DUI a, epi mande opsyon revizyon egzansyon an epi peye yon frè ki pa ranbousab.

DEFAYANS PA YON ILIZYON

**PA JANM KONDWI
AK FAKILTE FÈB**

Efè reyèl. Konsekans reyèl.

flhsmv.gov/impaired

FLHSMV



AVAN OU KONDWI—OU MENM CHOFÈ A

4

Kondwi yon otomobil se yon gwo responsabilite. Pou w ka kondwi san danje, ou dwe konplètman angaje: men sou volan an, je sou wout la, ak lide sou kondwi. Nenpòt bagay ki afekte kondisyon fizik oswa mantal ou ka afekte kapasite w pou w kondwi.

Sante Fizik

Li enpòtan pou w fè tchèkòp vizyon regilye, tandem, ak fizik jeneral. Jwenn tretman pou maladi epi evite kondwi lè w malad. Sonje ke chak fwa yo preskri ou medikaman, ou ta dwe mande doktè ou oswa famasyen ki jan li ka afekte kondwi ou.

Konsiderasyon pou Chofè Granmoun yo

Pandan n ap vyeyi, chanjman fizik yo mande pou nou adapte pou nou ka kontinye kondwi an sekirite. Chofè ki pi aje yo ta dwe:

- ◆ Fè egzamen medikal ak je regilye pou idantifye kondisyon fizik ak mantal ki ka afekte kondwi;
- ◆ Mande doktè a oswa famasyen ki jan medikaman—espesyalman lè yo pran an konbinezon ak lòt medikaman—gen efè sou kondwi;
- ◆ Konsilte yon doktè sou yon pwogram eggèsis pou kenbe fleksibilite ak fòs ki nesesè pou kondwi an sekirite;
- ◆ Fè ajisteman machin yo jan sa nesesè.
 - ◆ Si li difisil pou vire volan an, konsidere jwenn yon bouton volan.
 - ◆ Si w gen difikilte pou w vire tèt ou pou w tcheke koub avèg yo, konsidere pou w jwenn yon pi gwo retwovizè sou kote;
 - ◆ Si li difisil pou atache senti a; konsidere yon aparèy asistans pou ede rive nan senti a.
- ◆ Evite mete linèt solèy nan kondisyon fèb oswa fè nwa; epi
- ◆ Evite kondwi nan lè ki riske:
 - ◆ Lè solèy kouche, gran maten, ak lannwit.
 - ◆ Move tan.
 - ◆ Nan lè ki gen blokis.
 - ◆ Otowout vitès rapid.

Pwogram Mobilite san Danje Florida a bay enfòmasyon ak resous pou sansibilize epi amelyore bezwen sekirite, aksè ak mobilite itilizatè wout ki aje nan Florida yo. Resous ki disponib yo bay edikasyon pou granmoun aje yo, fanmi yo, moun k ap bay swen yo, ak patniè kominotè yo sou fason pou yo reyalize yon mobilite san danje pou lavi. Pou aprann plis, tanpri vizite safemobilityfl.com.



Ou kenbe kle yo pou reyalize yon Mobilite San Danje pou Lavi



Kondwi Distrè

Kondwi distrè se yon konpòtman ki gen anpil risk ki mete oumenm ak pasaje ou yo an danje, ansanm ak pyeton ak siklis k ap pataje wout la. Atansyon konsantre sou kondwi ede anpeche aksidan.

Gen twa kategori prensipal distraksyon chofè:

Kategori Distraksyon yo

1. **Vizyèl**—retire je w sou wout la
2. **Manyèl**—retire men w sou volan an
3. **Kognitif**—panse ak nenpòt bagay ki pa gen rapò ak kondwi a

Voye tèks yo enplike tout twa kategori distraksyon yo, sa ki fè li se youn nan konpòtman distrè nan kondwi ki pi danjere.* Sepandan, se pa sèl kòz distrè nan kondwi. Lòt distraksyon komen yo enkli:

- ◆ pale nan yon telefòn selilè;
- ◆ gade yon objè, yon moun, oswa yon evènman pa deyò machin nan;
- ◆ lonje men pou pran yon objè;
- ◆ kominike avèk pasaje yo;
- ◆ manje oswa bwè;
- ◆ bêt domestik ki pa sekirize;
- ◆ makiye;
- ◆ ajiste kontwòl radyo oswa klimatizè;
- ◆ limen yon sigarèt; ak/oswa
- ◆ reve je klè

* Li ilegal nan Florida pou w ap kondwi yon machin pandan w ap voye tèks mesaj. Lalwa Eta Florida entèdi yon moun opere yon veyikil a motè pandan l ap itilize yon aparèy komunikasyon san fil nan yon fason pòtatif nan yon travèse lekòl, yon zòn lekòl oswa yon zòn travay.

Bwè ak Kondwi

Alkòl diminye tout ladrès ki nesesè pou w kondwi an sekirite, tankou jijman, reyaksyon, vizyon, ak konsantrasyon. Alkòl absòbe nan pawa vant la epi li pase dirèkteman nan sikilasyon san an epi li rive nan sèvo ou nan kèk minit apre konsomasyon. **Jijman yon moun se premye bagay ki afekte apre l fin bwè yon bwason ki gen alkòl.**

Menm yon sèl vè alkòl ka afekte kondwi ou. Alkòl ralanti reflèks ou ak tan reyaksyon, diminye kapasite w pou w wè klè, epi fè w mwens vijilan. Ou pral gen pwoblèm pou jije distans, vitès, ak mouvman lòt machin yo. Ou pral gen pwoblèm tou pou kontwole machin ou.

Si w bwè alkòl—menm yon sèl vè—chans ou genyen pou w nan yon aksidan yo pi gran pase si w pa t bwè okenn alkòl. Pa gen moun ki ka bwè alkòl epi kondwi san danje, menm si w ap kondwi pandan plizyè ane.

Paske bwè alkòl ak kondwi tèlman danjere, penalite yo trè sevè. Moun ki kondwi apre yo fin bwè riske gwo amann, pi gwo pou santaj aspirans, pèt lisans kondwi, e menm santans prizon. Yon kondanasyon DUI (Kondwi Anba Enfiliyans) dwe rete nan dosye kondwi ou pandan 75 ane.

Pinga w Bwè ak Kondwi!

- ◆ Anvan w bwè, deziyen yon chofè ki modere.
- ◆ Si ou se ki chofè deziyen an, pa bwè. Yon sèl vè gentan se twòp.
- ◆ Si w gen fakilte w fèb—epi w pa t deziyen yon chofè—sèvi ak yon sèvis vwayaj pataje, rele yon zanmi oswa yon manm fanmi ki modere, oswa itilize transpò piblik pou w rive lakay ou an sekirite.

Sonje, **zanmi pa kite zanmi yo**

kondwi sou. Si w konnen yon moun ki pral kondwi ak fakilte li afebli, pran kle a nan men yo epi ede yo jwenn yon vwayaj an sekirite rive lakay yo.

Kondwi ak Dòmi nan Zye w

Kondwi lèw gen dòmi kapab danjere tankou kondwi sou. Pa kondwi lè ou fatige. Li riske pou kondwi ak dòmi nan zye w paske fatig (gen dòmi) kapab:

- ◆ ralanti pwosesis panse ou ak tan reyaksyon w;
- ◆ afekte jijman w ak vizyon w;
- ◆ andikape sans ou ak kapasite w; ak/ oswa
- ◆ lakòz mikwo-somèy (“kabicha”) oswa tonbe konplètman dòmi.

De kòz prensipal yo nan kondwi kabicha se mank de bon jan kalite / kantite somèy ak kondwi nan moman nan jounen an lè ou ta nòmalman dwe ap dòmi. Evite kondwi ak anvi dòmi!

- ◆ Pa kondwi nan moman kote ou ta nòmalman dwe ap dòmi.
- ◆ Pase yon bon nwit ap dòmi anvan w vwayaje.
- ◆ Nan vwayaj ki long yo, pran yon ti repo chak 100 mil oswa 2 èdtan.
- ◆ Si w santi w gen dòmi, chèche yon kote ki an sekirite pou w kanpe epi fè yon ti dòmi.
- ◆ Sèvi ak “sistèm zanmi” an epi chanje chofè lè sa nesesè.

Kondwi Dwòge

Kondwi pandan w gen fakilte afebli ak dwòg se ilegal epi li sijè a menm penalite ak kondwi pandan ke w sou ak alkòl. Anplis alkòl, gen anpil dwòg ki ka afekte kapasite yon moun pou opere yon machin san danje. Sa a se vre pou anpil medikaman sou preskripsyon, osi byen ke medikaman san preskripsyon pou alèji ak rim sèvo. Si yon moun ap pran medikaman, ou ta dwe asire w ke ou tcheke etikèt la pou avètisman sou efè medikaman an anvan ou kondwi. Si yo pa sèten pran medikaman an tout sekirite epi kondwi, ou ta dwe mande doktè yo oswa famasyen yo sou nenpòt efè segondè.

Alkòl ak medikaman pa ta dwe konsome an menm tan. Melanje alkòl ak medikaman souvan miltipliye efè alkòl ak dwòg. Pa egzanp, yon sèl vè, pandan w ap pran tou yon medikaman alèji oswa grip, ka gen menm efè ak plizyè bwason.

Dwòg ilegal ak sibstans kontwole, tankou marigwana, tou afekte reflèks yon moun, jijman ak vijilans ansanm ak anpil lòt efè segondè danjere. Medikaman sa yo ka bay yon moun yon fo sans vijilans ak konfyans nan tèt li oswa fè yon moun vin anvi dòmi epi li pa kapab reyaji nan sitiayson senp.

Emosyon yo

Emosyon yo ka gen yon efè sou kondwi san danje. Ou ka pa anmezi pou w kondwi san danje si w ap enkyete w, eksite, kriye, fache oswa deprime. Emosyon yo ka distrè w nan kondwi w paske lespri w konsantre sou lòt pwoblèm, pa kondwi. Eta emosyonèl ou ka chanje fason ou reyaji—oswa aji twòp—nan sitiayson kondwi. Pran tan pou w kalme epi konsantre w anvan w kondwi.

Raj sou Volan

Kòlè lèw sou volan se yon konpòtman vyolan oswa vizib fache yon chofè ki ka lakòz aksidan oswa lòt ensidan sou wout yo. Siy yo enkli:

- ◆ akselerasyon oswa frenaj britsoukou,
- ◆ swiv twò pre;
- ◆ kwaze lòt chofè yo;
- ◆ anpeche lòt machin rantre nan liy ou a;
- ◆ peze klaksòn lan twòp oswa limyè devan yo k ap flache;
- ◆ rele di vye pawòl oswa menase;
- ◆ fè vye jès ak men;
- ◆ entansyonèlman lakòz yon aksidan;
- ◆ soti nan machin ou pou eseye kòmanse yon konfwontasyon;
- ◆ itilize yon zam oswa menase pou itilize yon zam; ak/oswa
- ◆ voye objè depi nan veyikil la.

Si yon lòt chofè ap menase w oswa si w ap kondwi yon fason danjere bò kote w, **rete kalm epi eseye gade otan distans posib ant ou menm ak yo.** Ralanti epi kite yo pase. Pa fè kontak zye; pa fè vye jès. Si w bezwen èd, rele *FHP (*347) oswa 911.

Anrejistreman Machin

Veyikil ou posede a dwe gen yon sètifika anrejistreman ak plak machin nan Florida. Moun ki pa rezidan ki aksepte travay oswa ki angaje nan yon metye, pwofesyon oswa okipasyon nan Florida; oswa enskri timoun yo pou edikasyon nan yon lekòl leta Florida, dwe jwenn sètifika anrejistreman an ak plak machin nan nan 10 jou apre yo kòmanse travay oswa enskripsyon. Ou dwe genyen tou yon Sètifica Tit Florid pou machin ou sof si yon moun ki gen yon privilèj/lokatè andeyò eta a gen tit La epi li pap transfere li nan Florida.

Pou jwenn yon sètifika anrejistreman ak yon plak machin, ou dwe montre prèv asirans Florida (nan pifò ka yo, ou bezwen yon lisans chofè Florida pou jwenn asirans.) Ou dwe tou pwouve ke ou posede machin ou lè w montre sètifika tit ou a.

Nimewo idantifikasyon veyikil (VIN) sou nenpòt veyikil ki te deja gen tit oswa anrejistre nan yon lòt eta dwe verifye pa youn nan plizyè ofisyèl deziyen anvan machin nan ka gen tit epi anrejistre nan Florida. Verifikasiyon VIN pa obligatwa sou okenn machin nouvo (kèlkeswa si yo achte l nan Florida oswa andeyò eta a), oswa kay mobil novo/itilize, machin lwazi kalite trelè (trelè vwayaj, trelè kan, kanpay kamyon, ak trelè lwazi senk wou), oswa trelè ak semi-trelè ki gen yon pwa ki mwens pase 2,000 liv.

Alike pou Tit, Plak Lisans ak Enskripsiyon

Alike pou tit, plak machin, ak anrejistreman nan nenpòt sant sèvis nan Florida. Pri plak machin ou an pral depann de kalite ak pwa machin ou an. Veyikil ou a

dwe toujou gen yon plak machin aktyèl epi ou dwe toujou gen anrejistreman machin ou a lè w ap kondwi. Si w achte yon machin nan men yon konsesyonè nan Florida, konsesyonè a dwe aplike pou yon sètifika tit, sètifika anrejistreman ak plak machin pou ou. Si w achte yon machin nan men yon moun, ou dwe jwenn tit la nan men moun nan epi aplike pou yon sètifika tit sou non w.

Ou ka aplike pou yon sètifika tit, sètifika anrejistreman, ak plak machin an menm tan. Ou pa ka jwenn yon plak machin jiskaske ou gen yon tit ki pwouve ke ou posede machin nan. Tout moun ki aplike pou lisans pou kondwi pou premye fwa ki gen yon lisans andeyò eta ta dwe aplike pou yon lisans pou kondwi Florida anvan yo anrejistre machin yo nan Florida (anpil sant sèvis pral fè tou de an menm tan).

Renouvèlman

Plak machin yo ak anrejistreman yo dwe renouvle chak ane oswa chak dezan. Enskripsiyon yo ekspire a minwi jou anivèsè premye pwopriyetè ki endike sou fòm enskripsiyon an, eksepte pou:

- ◆ kay mobil ak semikamyon/semi-trelè renouvle chak ane anvan 31 desanm.
- ◆ machin ki posede pa konpayi ak kòporasyon ak kèk CMV yo renouvle chak ane anvan 30 jen.

Anrejistreman yo ka renouvle jiska 90 jou anvan dat ekspirasyon an. Chak fwa ou renouvle, ou dwe pwouve ke ou gen asirans obligatwa a, sof si li nan dosye w epi li akyalize elektwonikman.

Estanda Ekipman yo

Ekipman nan machin ou dwe reponn a sèten estanda. Lapolis ka kanpe ou nenpòt ki lè pou yon enspeksyon machin.

Ekipman Obligatwa

Ekipman	Karakteristik yo
Fren yo	Sistèm doub frenaj yo. Chak dwe kapab kanpe machin nan pou kont li. Pakin oswa fren ijans yo ta dwe ase fò pou kenbe machin nan sou nenpòt mòn.
Limyè Kwazman yo	Montre objè yo 150 pye pi devan. Vizib depi 1,000 pye.
Limyè Devan yo	Montre objè yo 450 pye pi devan. Vizib depi 1,000 pye.
Limyè Dèyè yo	De limyè dèyè wouj. Vizib depi 1,000 pye.
Limyè Fren yo	De limyè fren wouj. Vizib depi 300 pye nan lajounen.
Limyè Plak Imatrikilasyon yo	Limyè blan ki fè plak machin lan vizib depi 50 pye.
Siyal Direksyon yo	Ambre; oswa blan (devan)oswa wouj (dèyè). Vizib depi 500 pye.
Klaksòn	Yo ka tandé nan yon distans de 200 pye.
Retwovizè yo	Omwen yon retwovizè ak vizyon 200 pye dèyè.
Eswiye Vit	Nan bon kondisyon fonksyonman pou netwaye wè chofè a.
Vit Devan yo*	Dwe se vit sekirite epi yo pa ka kouvri oswa trete ak okenn materyèl ki fè vit vit la reflektif oswa ki pa transparan. Pa dwe gen okenn otokolan ke lalwa egzije..
Fenèt sou bò ak Dèyè yo*	Pa ka konpoze de, kouvri pa, oswa trete ak okenn materyèl ki gen yon aparans miwa oswa ki reflete plis pase 25% nan limyè a (fenèt sou bò) oswa plis pase 35% nan limyè (fenèt dèyè) a.
Kawotchou yo	Ta dwe gen yon bann woulman minimòm omwen 3/32 nan yon pouss oswa pi gwo, epi pa gen okenn tach chire ki montre pli a.

*Gade Lwa Florida (FS) §316.2953 ak FSS §316.2954 pou plis detay sou restriksyon sou koulè fenèt yo

Ekipman yo PA Otorize

- ◆ Limyè wouj vizib pa devan oswa limyè ble. Pou machin ijans/lapolis sèlman.
- ◆ Plis pase de pwojektè, limyè pou kapo oswa defans, limyè bwouya, oswa lòt limyè siplemantè.
- ◆ Yon sirèn, klòch, oswa siflèt.
- ◆ Yon mòflè byen fò (ke yo ka tandé a plis pase 50 pye) oswa youn kap pouse lafimen.
- ◆ Siy, afich, oswa otokolan sou vit machin oswa fenèt yo (eksepte si lalwa egzije sa).
- ◆ Yon “reseptè televizyon” ke chofè a ka wè.
- ◆ Kas/ekoutè chofè yo mete pandan y ap kondwi yon machin.

Li manyèl pwopriyetè machin ou an! Li se yon resous ekselan pou enfòmasyon espesifik nan machin ou an, tankou: kalite likid machin ou bezwen, sa limyè avètisman nan dach la vle di, entèval Chak lè pou fè sèvis nan machin ou ak plis ankò.

Èrbag yo

Èrbag yo fèt pou travay ak senti sekirite pou pwoteje okipan yo pandan yon kolizyon. **Èrbag yo PA yon ranplasman pou mete yon senti sekirite.**

Sistèm Asistans Chofè Avanse yo (ADAS)

Li enpòtan pou w konprann ke kèk tekno-loji asistans chofè yo fèt pou avèti w si w gen risk pou yon aksidan kap vini, pandan ke lòt yo fèt pou pran aksyon pou evite yon aksidan. Asire w ou revize manyèl pwopriyetè machin ou a pou jwenn enfòmasyon sou teknoloji machin nan ak karakteristik sekirite yo.

SISTÈM AVÈTISMAN KOLIZISYON YO

Sistèm Avètisman Kolizyon sèlman bay chofè yo avètisman epi **PA** pran aksyon pou evite yon aksidan.

- ◆ **Sistèm Avètisman Ang Mò** yo alète chofè a ak yon avètisman odyo oswa vizyèl si gen machin nan liy adjasan ke chofè a ka pa wè lè w ap fè yon chanjman liy.
- ◆ **Sistèm Avètisman Kolizyon Devan** yo kontwole vitès machin ou an, vitès veyikil ki devan li ak distans ki genyen ant machin yo. Si veyikil la vin twò pre machin ki devan an, sistèm lan pral alète chofè a si gen yon aksidan k ap vini.

- ◆ **Sistèm Avètisman Kite Liy yo** kontwole makaj liy yo epi yo alète chofè a lè li detekte veyikil la ap soti nan liy li yo.
- ◆ **Avètisman Trafik Travèsal Dèyè** alète chofè a nan kolizyon potansyèl, pandan y ap fè bak, ki ka andeyò vizyon kamera dèyè a.

SISTÈM ENTÈVANSYON KOLIZYON YO

Sistèm Entèvansyon Kolizyon yo fèt pou pran aksyon pou evite yon aksidan.

- ◆ **Sistèm Frenaj Ijans Otomatik** yo aplike frenaj veyikil la otomatikman alè pou evite oswa diminye yon aksidan ki ka fèt ak yon lòt machin.
- ◆ **Sistèm Entèvansyon Ang Mò** yo kontwole veyikil ki nan ang mò chofè a lè l sèvi avèk kamera ki anfas dèyè oswa detektè pwoksimite a. Si chofè a inyore avètisman ang mò a, epi li kòmanse chanje nan yon liy kote gen yon machin, sistèm nan aktive epi otomatikman aplike presyon frenaj limyè, oswa kòmande volan an pou gide machin nan tounen nan liy orijinal la.
- ◆ **Sistèm Frenaj Otomatik pou Ijans pou Pyeton** yo itilize enfòmasyon ki soti nan detektè avanse pou detekte yon pyeton sou wout machin nan. Sistèm nan ap bay frenaj otomatik si chofè a pa aji pou evite yon aksidan.
- ◆ **Frenaj Otomatik Dèyè** itilize detektè, tankou detektè pakin ak kamera dèyè a, pou detekte objè ki dèyè machin nan. Si yo detekte yon kolizyon potansyèl pandan y ap fè bak, li otomatikman aplike fren yo si yon aksidan iminan.

ASISTANS KONTWOL KONDWI

- ◆ **Regilatè Vitès Adaptif** la otomatikman ajiste vitès veyikil la pou kenbe yon distans predefini ant li ak machin ki devan li a.
- ◆ **Asistans Santralizasyon Liy** yo itilize yon sistèm vizyon ki baze sou kamera ki fèt pou kontwole pozisyon liy machin lan epi aplike otomatikman ak kontinyèlman direksyon ki nesesè pou kenbe veyikil la santré nan liy li a.
- ◆ Sistèm **Asistans pou Rete sou Liy** yo itilize detektè avètisman sou liy depa yo pou detèmine si veyikil la ap soti san enveloplèman nan liy sikilasyon li a. Si se konsa, sistèm nan aktive epi korije volan an, fren oswa akselere youn oswa plis nan wou yo, oswa fè yon konbinezon de tou de, sa ki lakòz veyikil la retounen nan liy li te vle kouri a.

LÒT SISTÈM YO

- ◆ **Sistèm Notifikasyon Aksidan Otomatik** fè moun k ap reponn ijans yo konnen yon aksidan te fèt epi bay ki kote. Nan piò ka yo, lè sistèm nan detekte ke yon sak gonflab te deplwaye oswa ke te gen yon ralantisman dramatik ak toudenkou, sistèm nan otomatikman konekte ak yon operatè, ki pral kapab kominike ak chofè a. Operatè a kapab tou kolekte enfòmasyon debaz nan veyikil la, san opinyon chofè a, pou l bay sekouris yo pou yo ka fasiman lokalize sèn aksidan an.
- ◆ **Gran Limyè Otomatik** chanje otomatikman limyè devan machin nan ant gran limyè a limye kwazman, dapsre kondisyon limyè ak trafik, lè yon machin kap apwoche. Teknoloji

sa a, ke yo rele tou lanp semiotomatik pou chanje limyè, sèvi ak detektè fotometrik oswa kamera abò pou detekte lè pou chanje ant gwo ak ti limyè.

- ◆ **Kamera Rekil** yo, oswa sistèm videyo retwovizè, ede anpeche aksidan nan fè bak. Li w bay yon imaj zòn nan pa dèyè veyikil la, yon kamera rekil ede chofè a wè dèyè veyikil la pandan l ap fè bak. Li enpòtan pou sonje ke kamera rekil yo pa yon ranplasman pou miwa oswa pou vire gade.

Gen plis enfòmasyon sou ADAS ki disponib sou mycardoeswhat.org.

Sistèm Fren yo

Sistèm fren anti-blokaj (ABS) anpeche derapaj epi pèmèt chofè yo dirije machinn nan pandan yon sitiyasyon frenaj ijans. ABS ka ede amelyore estabilite machin, volan, ak kapasite pou kanpe. Li enpòtan pou konnen si machin ou gen ABS paske sa pral afekte fason ou ta dwe kanpe nan yon sitiyasyon ijans.

Chofè ki gen ABS bezwen peze byen fò pedal fren an, kenbe l, epi evite danje. Nan yon sitiyasyon ijans, ABS la otomatikman ponpe fren yo nan yon vitès pi vit pase chofè a te kapab. Retire presyon fiks sou pedal fren an oswa ponpe fren yo pral dezangaje oswa "dezaktive" ABS la.

Chofè ki gen fren konvansyonèl yo dwe ponpe fren yo pou yo kanpe nan yon sitiyasyon ijans kote traksyon an pèdi epi machin nan glise.

Ou ka detèmine si veyikil la gen ABS lè w ap chèche yon senbòl ABS limen sou dach la apre w fin demare motè a, apre w fin tcheke manyèl pwopriyetè a oswa mande konesyonè a.

Kondisyon pou Wotè Defans yo

Pwopriyetè otomobil ak kamyonèt yo oblige gen defans devan ak dèyè monte nan sèten nivo wotè. Limit wotè yo detèmine pa pwa chaj nèt nan veyikil la, pa pwa modifye oswa chanje. Wotè mak-simòm akseptab ant pave a ak anba defans devan ak dèyè yo se:

Pwa Veyikil la	Devan	Dèyè
Machin < 2,500 liv yo.	22 pouz	22 pouz
Machin 2,500–3,499 liv yo.	24 pouz	26 pouz
Machin ≥ 3,500 liv yo.	27 pouz	29 pouz
Kamyon < 2,000 liv yo.	24 pouz	26 pouz
Kamyon 2,000–3,000 liv yo.	27 pouz	29 pouz
Kamyon 3,000–5,000 liv yo.	28 pouz	30 pouz

Aparèy Kontwòl Emisyon yo

Li ilegal pou manyen, retire, oswa lakòz pa fonksyone, nenpòt aparèy kontwòl polisyon sou machin ou. Manipilasyon ka lakòz andomaje machin ou, ogmante polisyon nan lè a, redwi konsomasyon gaz, redwi efikasite machin nan ak difilikil pou respire.

Trelè, Remòkaj, ak Chaj

EGIZJANS POU EKIPMAN YO:

- ◆ Trelè, semitrelè oswa trelè poto ki peze **3,000 liv oswa plis**:
 - ◆ De reflektè pa dèyè, youn nan chak bò.*
 - ◆ Yon limyè fren si trelè a oswa chaj bloke/kache limyè fren yo sou veyikil remoke a.

◆ Trelè oswa semitrelè ki peze **plis pase 3,000 liv**:

- ◆ De limyè gabari devan, youn nan chak bò.
- ◆ De limyè bò kote, youn nan devan oswa toupre ak youn nan oswa toupre dèyè a.
- ◆ De reflektè, youn nan devan oswa toupre ak youn nan oswa toupre dèyè*.
- ◆ De limyè degajman dèyè, youn sou chak bò.
- ◆ Fren ki ka opere pa chofè a nan machin remoke a. Fren yo dwe fèt ak konekte yo otomatikman kanpe trelè a si li kase lwen veyikil remokaj la.

◆ **Trelè poto ki** peze plis pase 3,000 liv:

- ◆ De lanp makè bò, youn sou chak bò
- ◆ De lanp enkonbreman, youn sou chak bò.
- ◆ De reflektè dèyè, youn sou chak bò.*

* Chak veyikil a motè, trelè, semitrelè, ak trelè poto dwe genyen de oswa plis lanp pou kanpe (yon sèl lanp kanpe yo pèmèt sou machin ki te batí anvan 1ye janvye, 1972).

BA ATELAJ OSWA KONEKSYON REMOKE

Koneksyon Ba pou tire/remoke a dwe:

- ◆ dwe ase solid pou rale tout pwa remoke;
- ◆ pa gen plis pase 15 pye nan longè sof si w ap remoke poto, tiyo, machin, oswa lòt objè ki pa ka fasil demonte; epi
- ◆ gen yon drapo blan omwen 12 pouz kare mare nan li si se yon chèn, kòd, oswa kab.

SEKIRIZE CHAJ LA

Ou pa dwe kondwi oswa deplase okenn
veyikil ki chaje sou gran wout la si chaj la
pa sekirize. Chaj la pa dwe kapab tonbe,
chanje, deplase, oswa chape nan okenn
fason.

- ◆ Ou dwe itilize yon kouvèti ki byen
anfòm lè w ap transpòte chay ki ka
tonbe oswa gaye sou wout la (pa
egzanp, pousyè tè, sab, gravye).
- ◆ Chak kamyon ki pote mòso bwa
oswa bwa-pat dwe sèvi ak chenn
fèmen a kle pou byen mare chay la.

PWOJEKSYON CHAJ YO

Yon chaj ki pwolonje pi lwen pase bò
yon machin ak plis pase kat pye oswa
plis pase dèyè li dwe make klèman.
Pandan jounen an, drapo wouj omwen
18 pous kare dwe make ekstremite chaj
la. Egzijans soti nan solèy kouche jiska
solèy leve, ak pandan nenpòt lapli,
lafimen, oswa bwouya gen ladann:

- ◆ de limyè wouj nan do chaj la ke yo
ka wè soti nan omwen 500 pye nan
pa dèyè a;
- ◆ de reflektè wouj sou dèyè a ke yo ka
wè soti nan 100 a 600 pye lè dirèk-
teman devan limyè kwazman yo, epi
ki sitiye pou montre tout lajè chaj la;
ak/oswa
- ◆ yon limyè wouj sou chak bò chay la,
vizib nan omwen 500 pye pou montre
depase maksimòm chaj la.

Si trelè a oswa veyikil la ap transpòte
mòso bwa, pulpwood, poto, oswa poto ki
bwa pat plis pase kat pye dèyè chay la, ou
dwe genyen yon sèl lanp ki kalite strobos-
kopik ekiye yon fason pou lanp lan vizib
pa dèyè nan tou de bò pwojeksyon chay
la. Lanp lan dwe fonksyone e li dwe vizib
nenpòt ki lè lajounen kou lannwit.

Machin pasaje yo pa dwe kondwi sou
okenn gran wout ak yon chaj ki depase
defans yo sou bò gòch veyikil la oswa
plis pase 6 pou pi lwen pase liy defans
yo sou bò dwat la.


KONTWÒL TRAFIK YO

6

Mak sou Pave yo

Liy, senbòl, ak mo yo pentire sou wout yo pou ede dirije chofè yo epi kontwole sikilasyon an. Konnen sa diferan liy, koulè, ak senbòl yo vle di epi obeyi yo.


Sòf si w ap vire, sòti nan yon gran wout, oswa chanje liy, toujou rete ant liy ki make liy ou a. Chofè yo ka kondwi san danje epi yon ti tan sou bò gòch nan sant la sou wout la pou rapouswiv yon bisiklèt, lòt machin ki pa gen motè, yon bisiklèt elektrik oswa yon pyeton.



Liy Arebò ak Liy Blan Brize yo

Liy Arebò yo

Liy solid sou bò wout la make kwen dwat oswa gòch nan wout la.



Liy Vwa Blan yo

Liy blan yo separe liy trafik k ap deplase nan **menm direksyon** an.

Liy Blan Solid



Doub Liy Blan

Liy Vwa Jòn yo


Liy vwa jòn yo separe liy k ap deplase nan **direksyon opoze** yo.





Liy Jòn Brize



Doub Liy Jòn yo



Liy Jòn Doub Solid sou Bò Dwat (“Sou Bò Ou”), Brize sou Bò Gòch



Liy Jòn Doub yo–Brize sou Bò Dwat (“Sou Bò Ou”), Solid sou Bò Gòch

- ◆ **Liy jòn doubl solid yo.** Veyikil k ap deplase nan nenpòt direksyon pa dwe double/travèse liy sa yo. (Ka vire agoch oswa pou double yon siklis lè li an sekirite pou fè sa).
- ◆ **Liy jòn doubl solid sou bò dwat (“Sou Bò Ou”), brize sou bò gòch.** Yo pa gen dwa double nan liy sa a. (Ka vire agoch oswa double yon siklis lè li an sekirite pou fè sa).
- ◆ **Liy jòn doubl –Brize sou bò dwat (“Sou Bò Ou”), solid sou bò gòch.** Ou ka double nan liy sa a lèw otorize pou w fè sa.

Liy Stop Blan yo

Liy Stop yo montre ki kote ou dwe kanpe pou yon pano stop oswa limyè wouj. Ou dwe kanpe machin ou anvan nenpòt pati nan li travèse liy lan anvan pasaj pou pyeton an.



Liy Blan Kanpe yo ak Pasaj Pyeton yo

Pasaj Pyeton ki Trase yo

Make ak liy blan solid epi pafwa plen ak liy dyagonal oswa pèpandikilè blan. Montre kote pyeton yo ta dwe travèse. Chofè yo dwe toujou lage pyeton yo nan pasaj pou pyeton yo.


Liy Vire yo

Yo souvan itilize Flèch ak liy vwa blan yo pou montre ki vire yo ka fè soti nan vwa sa a.



Liy Vire yo


- ◆ Vwa yo make ak yon flèch koube ak mo "SÈLMAN": ou dwe vire nan direksyon flèch la.
- ◆ Yo make vwa a ak ni yon flèch koube ak yon flèch dwat: ou ka swa vire oswa ale dwat.
- ◆ Wout de-sans yo ak liy santral: chofè ki soti nan nenpòt direksyon yo ka itilize liy santral la pou vire agòch; ou pa dwe itilize l pou double.



Vwa Viraj Santral

Vwa Revèsib yo

Gen kèk otowout ki gen vwa sikilasyon revèsib pou ede jere trafik nan lè blokis yo. Direksyon trafik la nòmalman ranvèse nan lè fikse chak jou. Vwa sa yo make ak mak pave espesyal, limyè vwa, ak pano yo.



Vwa Revèsib


Vwa Bisiklèt yo

- ◆ **Vwa bisiklèt eksklizif yo.** Liy blan solid separe vwa bisiklèt sa yo ak liy sikilasyon machin a motè. Souvan make ak siy/senbòl liy bisiklèt.
- ◆ **Vwa itilizasyon pataje.** Make ak "senbòl bisiklèt." Mak sa yo avèti otomobilis yo ke siklis yo ka itilize tout wout la, endike bisiklèt ki kote pou yo monte, epi dekoraje bisiklèt ale nan move direksyon.



Vwa pou Bisiklèt

Yo pa gen dwa kondwi machin motorize nan liy bisiklèt; yo ka travèse yo lè y ap vire nan kafou, men sèlman lè pa gen siklis nan liy bisiklèt la. Pou plis enfòmasyon sou sekirite bisiklèt, nan paj 81.



Senbòl Bisiklèt

Lòt Mak yo

- ◆ Yo souvan make Trotwa an jòn pou endike pa gen okenn zòn pakin tou pre bouch ennsandi yo oswa entèsekson.
- ◆ Bann dyagonal jòn oswa blan yo make obstak fiks (médyàn, zòn pakin, elatriye).
- ◆ Li ilegal pou pakin oswa kondwi nan zòn ki gen mak sou pave ki endike liy dife oswa zòn sekirite.

Pano Sikilasyon yo

Pano sikilasyon yo fè w konnen règ trafik yo, danje, kote wout la, direksyon wout yo, ak kote sèvis wout yo. Fòm, koulè, senbòl ak mo sou pano sa yo bay endikasyon sou kalite enfòmasyon yo bay yo.

Koulè Pano Sikilasyon yo

- | | |
|--|---|
| Wouj: Kanpe. Pa antre. Move direksyon. Sede. | Blan/Nwa: Regilasyon. Kontwole trafik, mete limit oswa bay kòmand. |
| Oranj: Avètisman konstriksyon ak antretiyen. | Vèt: Gid oswa enfòmasyon direksyon. |
| Jòn: Avètisman jeneral. Avi sou kondisyon wout inatandi. | Ble: Gide chofè yo. Yo itilize tou pou idantifye espas pakin pou chofè andikape yo. |
| Jòn Vèt Flouresan: Avètisman gwo anfaz sou aktivite lekòl, pyeton ak bisiklèt. | Mawon: Zòn rekreyasyon piblik, siyifikasyon kiltirèl ak istorik. |

Pano Enfòmasyon yo

Pano Gid Vèt yo. Bay enfòmasyon sou direksyon ak distans. Wout Lès-Lwès gen nimewo pa e Nò-Sid gen nimewo enpè. Nan Florida, makè kilomèt yo endike kote w ap sou yon ant eta a epi yo koresponn ak nimewo sòti yo.

Pano Sèvis Ble ak Blan yo. Dirije w nan sèvis, tankou gaz, manje, motèl, ak lopital.

Pano Mawon ak Blan yo. Dirije w nan zòn panoramik yo, pak, ak zòn ki gen siyifikasiyon kiltirèl/istorik.



Pano Regilasyon yo

Pano regilasyon yo kontwole sikelasyon an. Yo fikse limit oswa enstwi chofè yo sa yo ta dwe oswa yo pa ta dwe fè epi yo fè respekte lalwa. Anba a se pano regilasyon komen.



Pano Kanpe. Ou dwe kanpe machin ou nèt. Kanpe devan liy ki kanpe la, oswa si pa gen liy kanpe, anvan pasaj pou pyeton an oswa entèseksyon nan yon pwen toupre wout ki kwaze a kote ou gen yon vizyon klè sou sikelasyon kap apwoche.



Kanpe Total. Sikilasyon nan tout direksyon dwe kanpe. Veyikil yo pase nan entèseksyon an nan lòd yo te rive a; premye veyikil ki rive nan entèseksyon an ta dwe avanse an premye. Si machin yo rive apeprè menm lè a, chak chofè dwe sede bay chofè ki sou bò dwat yo.



Sede. Ale dousman. Bay machin kap travèse chemen w yo dwa pasaj la. Si wout la klè, ou ka avanse dousman san rete.



Pa antre. Ri ak wout sans inik yo kote ou pa gen dwa antre.



Move Direksyon. Ou prale nan move direksyon an. Vire imedyatman.



OKENN Senbòl. Sèk wouj ak yon liy oblik wouj. Pano a montre sa ou pa gen dwa fè.



Limit Vitès. Vitès ou pa dwe depase vitès ki afiche nan zòn sa a.



Vitès Pou Sòti. Pano sa a bay lis vitès maksimòm sekirite pou yon ranp sòti sou yon otowout. Ralanti nan vitès ki afiche a.



Amann Pou Vitès Double Yo. Afiche nan lekòl aktif ak zòn travay. Amann ap double si yo akize w pou vitès nan zòn sa a.



Vwa Vire Yo. Nan entèseksyon ki devan an, sikilasyon nan vwa gòch la dwe vire agòch epi sikelasyon nan vwa a kote a ka vire agoch oswa kontinye dwat devan.



Vwa Vire Santral. Vwa santral la pataje, sa ki pèmèt vire agòch nan toude direksyon vwayaj la.



Liy Goch La Dwe Vire. Sikilasyon nan vwa gòch la dwe vire agoch nan entèseksyon ki devan an (Vwa Dwat la tou dwe vire).



Liy Kòmanse Vire Adwat. Lè w ap antre nan yon vwa vire adwat ou ka rankontre siklis k ap vwayaje tou dwat; ou dwe sede bay siklis yo pase.



Pa Fè Demitou. Ou pa dwe fè yon vire konplè ale nan direksyon opoze a.



Pa Vire Adwat. Ou pa dwe fè yon vire adwat nan entèsekson sa a (ni okenn vire a goch).



Pa Vire Sou Wouj. Ou pa dwe vire adwat oswa agoch pandan limyè wouj la. Ou dwe tann limyè vèt la.



Pa Vire. Ou pa dwe vire ni adwat ni agoch nan entèsekson sa a.



Dwe Vire. Ou pa ka ale dwat devan. Ou dwe vire swa adwat oswa agoch.



Sans Inik. Ou dwe sikile sèlman nan direksyon flèch la.



Rete Adwat. Rete sou bò dwat divizyon an.



Sikilasyon Pi Dousman

Rete Adwat. Sikilasyon pi Dousman an dwe rete sou liy dwat la sof si yap double. Sikilasyon pi dousman dwe deplase soti nan liy gòch la lè yon machin ki pi vit ap depase.



Pa Dwe Double. Ou pa gendwa Double yon lòt machin.



Double ak Prekosyon. Ou gen dwa double, men fè sa ak prekosyon.



Restriksyon Liy Pi Devan. Gen yon liy rezèv pou sèten rezon oswa sèten veyikil, tankou otobis oswa machin kòtèj pandan silasyon nan lè blokis. Yo itilize tou nan liy bisiklèt yo.



Kanpe Ijans Sèlman. Ou dwe kanpe sèlman pou ijans.



Pa Estasyone Sou Twotwa

A. Si w kanpe, ou dwe toujou pake andeyò pave wout la.



Pakin Avèk Pèmi Andikape Sèlman. Pakin nan espas sa a se sèlman pou machin ki montre yon pèmi pakin ofisyèl pou moun ki andikape epi k ap transpòte yon moun ki gen yon andikap.

Pano Avètisman yo

Pano avètisman yo nòmalman jòn ak fòm dyaman. Yo alète chofè yo sou kondisyon ki devan yo ak sa yo dwe prete atansyon. Anba a se pano avètisman komen yo.



Gen Limyè Sikilasyon

Devan An. Gen limyè sikelasyon nan entèsekson ki devan an. Ale dousman; gen anpil chans vizibilite fèb.



Pano Kanpe Devan An.

Ralanti epi pare pou w kanpe nan pano stop la.



Sede Pasaj Devan. Sede pasaj devan. Ralanti epi prepare w pou w sispann oswa ajiste vitès nan trafik.



Pano Rediksyon Vitès. Avi davans sou chanjman limit vitè k ap vini an.



Pano Vitès Yo Konseye. Vitè ki pi rapid an sekirite ou ta dwe sikile nan koub ki devan an. Yo ka itilize pano ki bay konsèy sou vitès ak nenpòt pano aveisman.



Sikilasyon De Vwa Devan

An. Wout la pral chanje nan sikilasyon de sans; pral gen yon liy kap vini.



Sikilasyon Fizyone. Pi devan yon lòt liy machin kap vini nan menm liy ou ye a. Siveye lòt liy nan epi bay dwa pasaj la lè sa nesesè.



Rediksyon Nan Vwa Yo.

Vwa dwat la fini epi sikelasyon an dwe fizyone agòch. Chofè ki nan vwa gòch la dwe pèmèt lòt moun rantre san pwoblèm.



Sèk Won Pwen. Bay yon avi alavans sou yon won pwen. Prepare pou ralanti epi pètèt sede nan trafik nan won pwen an.



Otowout Divize Pi Devan An. Gran wout ki devan an divize pa yon baryè medyàn oswa fizik.



Otowout Divize a Fini.

Gran wout divize ap fini 350 a 500 pye pi devan. Lè sa a, ou pral sou yon wout ak sikilasyon nan de-sans. Rete sou bò dwat la.



Koub Adwat. Wout la pral koube sou bò dwat la. Ralanti vitès ou epi pa double lòt machin.



Viraj Sere Adwat. Wout la pral fè yon vire byen sere sou bò dwat la. Ralanti vitès ou epi pa double lòt machin.



Koub Ranvèse. Wout la pral vire adwat, epi tonbe a gòch la. Ralanti vitès ou epi pa double lòt machin.



Wout Zigzag. Gen plizyè koub devan an. Kondwi dousman ak anpil prekasyon epi pa double lòt machin.



Wout Travèsal. Yon wout travèse gran wout prensipal la devan. Gade a goch ak adwat pou lòt trafik.



Wout Sou Kote. Yon lòt wout antre nan gran wout la nan direksyon yo montre a. Siveye sikilasyon ki soti nan direksyon sa a.



Travèse Bisiklèt. Yon pasaj pou bisiklèt kwaze wout la pi devan an. Veye pou siklis yo.



Travèse Veyikil Ijans. Siveye machin ijans k ap antre oswa travèse wout la.



Travèse Kamyon. Siveye kamyon k ap antre oswa travèse wout la.



Travèse Pyeton. Siveye moun kap travèse lari a. Ralanti oswa kanpe bay pyeton yo.



Travèse Bèt. Bet ki nana foto sou pano a komen nan zòn nan; siveye bèt kap travèse wout la sitou pandan solèy kouche ak nan mitan lannwit.



Degajman Fèb. Pa antre si machin ou an pi wo pase wotè ki endike sou pano a.



Fen Pave A. Sifas pave ki devan an chanje a yon wout gravye oswa tè.



Arebò Moun. Tè sou bò wout la mou. Pa kite pave a eksepte nan yon ijans.



Sifas Glise. Nan tan lapli, kondwi dousman. Pa pi vit oswa frennen byen vit. Fèvire nan vîtes dousman.



Bafon. Gen yon kote ki ba nan wout la. Ale dousman epi pare pou w kanpe epi vire si bafon an plen ak dlo.



Pon Etwat. Pon an ase laj pou akomode de liy trafik, men li pa gen anpil espas. Rete nan liy ou a.



Pon Yon Sè Vwa. Pon an ase lajèpou sèman yon machin an menm tan. Asire w ke pon an lib de sikilasyon kap vini an anvan ou travèse.



Mòn/Retwogradasyon. Wout la ap desann yon mòn pi devan. Ralanti epi pare pou retwograde vîtes pou kontrole vîtes la.

LIMYÈ SIKILASYON YO

Yo mete limyè sikilasyon nan kafou yo pou kenbe sikilasyon an deplase epi ede anpeche aksidan. Chofè, pyeton, ak bisiklèt yo dwe obeyi limyè sa yo eksepte lè yon ofisyè ap dirije sikilasyon an. Si yon limyè sikilasyon deranje epi lapolis pa preznan, trete limyè/entèsekson an kòm yon pano kanpe kat sans (**gade Pann Kouran nan paj 79**).

LIMYÈ SIYAL FIKS YO

LIMYÈ WOUJ

- ◆ Mande pou kanpe konplètman sou liy arè a. Rete kanpe jiskaske limyè a vin vèt.
- ◆ Pa kanpe twò lwen liy arè a. Gen kèk siyal ki chanje sèlman lè detèktè yo detekte machin sou liy kanpe la.
- ◆ Apre w fin kanpe, ou ka vire adwat si pa gen yon siy PA VIRE SOU WOUJ epi chemen an lib.
- ◆ Ou gendwa vire agoch de yon lari sans inik pou ale nan yon lari sans inik ki gen sikilasyon k ap deplase sou bo göch.
- ◆ Anvan w vire, ou dwe sede pasaj la bay pyeton yo nan pasaj pou pyeton yo ak nan trafik kap vini an.
- ◆ Kouri (kondwi nan) yon limyè wouj se kont lalwa epi li trè danjere!



LIMYÈ JÒN

- ◆ Avètisman—limyè a ap chanje wouj.
- ◆ Kanpe si ou kapab fè sa san danje. Li trè danjere pou w nan yon entèsekson lè limyè a vin wouj.



LIMYÈ VÈT

- ◆ Ale, men sèlman si entèsekson an klè.
- ◆ Sede bay pyeton yo nan pasaj pou pyeton yo ak machin nan entèsekson an.
- ◆ Apwoche ak yon vitès ki pral pèmèt ou ralanti si limyè a chanje.
- ◆ Lè w ap vire agoch, ou dwe sede bay sikilasyon k ap vini an ak pyeton yo.





FLÈCH WOUJ

- ◆ Pa fè mouvman ke flèch la montre jiskaske limyè vèt la parèt.
- ◆ Apre w fin kanpe, ou ka vire adwat si pa gen yon siy PA VIRE SOU WOUJ epi chemen an lib.
- ◆ Ou gendwa vire agoch de yon lari sans inik pou ale nan yon lari sans inik ki gen sikilasyon k ap deplase sou bo göch.
- ◆ Ou dwe sede dwa pasaj la bay pyeton yo nan pasaj pou pyeton yo ak sikilasyon kap apwoche.



FLÈCH JÒN

- ◆ Flèch vèt la ap fini oswa limyè a ap vin wouj.
- ◆ Kanpe si ou kapab fè sa san danje.



FLÈCH VÈT

- ◆ Ou ka fè yon vire nan direksyon flèch la.
- ◆ Si limyè wouj la limen an menm tan, ou dwe nan liy ki apwopriye a pou yon vire konsa.
- ◆ Ou dwe sede pasaj la bay veyikil ak pyeton ki nan entèsekson an.

Limyè Siyal k ap Flache yo

FLÈCH JÒN KAP FLACHE

- ◆ Ou dwa vire nan direksyon flèch la.
- ◆ Sikilasyon kap vini an gen yon limyè vèt. Sede bay sikilasyon kap apwoche ak pyeton yo.



LIMYÈ WOUJ KAP FLACHE

Itilize nan entèsekson danjere yo. Trete li tankou yon siy stop; kanpe epi kontinye lè an sekirite.



LIMYÈ JÒN KAP FLACHE

- ◆ Itilize nan, oswa jis anvan, entèsekson danjere yo.
- ◆ Yo itilize tou pou avèti w sou yon siy avètisman tankou yon travèse lekòl oswa yon koub byen file. Kontinye ak prekosyon.



Pano Vwa yo

Yo itilize Pano Vwa yo pou:

- ◆ lè direksyon sikilasyon an chanje pandan jounen an;
- ◆ pou montre ke yon pòs peyaj louvri oswa fèmen; oswa
- ◆ pou montre ki vwa ki louvri oswa ki fèmen.

X Wouj. Pa janm kondwi nan yon vwa ki anba X wouj la.

X Jòn. Siyal liy lan ap vin wouj.

Flèch Vèt. Ou ka itilize vwa sa a epi ou dwe tou obeyi tout lòt pano ak limyè yo.



Limyè Ramp yo

Limyè ramp yo

- ◆ kontwole kantite machin k ap antre nan yon otowout la; epi
- ◆ altène ant wouj ak vèt. Ou dwe tann limyè vèt la anvan w antre nan otowout la.

Pano ak Siyal Espesyalize yo

Pano & Siyal Konstriksyon/Antretyen yo


Aparèy kontwòl trafik yo itilize nan zòn travay konstriksyon ak antretyen wout pou dirije chofè yo ak lòt itilizatè wout yo san danje atravè sit travay la. Prepare w pou w diminye vîtes w epi pran prekosyon lè yon pano, yon siy, yon moun k ap flote drapo oswa yon ofisye lapolis mande pou w fè sa. Se ilegal si w pa fè sa epi li danjere pou moun k ap travay nan zòn konstriksyon an.

Pano Konstriksyon ak Antretyen Yo. Pano yo—anjeneral gen fòm dyaman ak/oswa koulè zoranj—fè chofè yo konnen kondisyon ki pa nòmal oswa ki kapab danjere toupre zòn travay yo.

Aparèy Kanalizasyon Yo. Sa yo enkli barikad, panno vètikal, tanbou ak kòn. Aparèy sa yo avèti chofè yo sou kondisyon ki pa nòmal oswa ki kapab danjere sou wout la ak nan zòn travay yo. Aparèy sa yo ka ekipe ak limyè avètisman nan mitan lannwit ak bann sou barikad yo ak aparèy panèl ki enkline sou pant yo nan direksyon sikilasyon la dwe fèt.

Pano Flèch Kap Flache Yo. Itilize ni pandan lajounen ak nan mitan lannwit pou bay avètisman davans ak enfòmasyon sou direksyon lè li nesesè pou deplase nan yon lòt vwa.

Siyalè Yo. Moun k ap travay nan zòn konstriksyon/antretyen wout yo pou yo kanpe, ralanti, oswa gide trafik san danje nan zòn nan. Moun k ap flote drapo yo mete vès oswa jakèt ki gen koulè klere/flouworesan epi sèvi ak drapo wouj oswa siy pou dirije sikilasyon an.



Pano & Limyè Pon Levan yo

Pon levan yo se pon mekanik sou dlo navigab ki monte oswa vire pou pèmèt sikilasyon maritin pase anba yo.

LIMYÈ PON LEVAN YO

- ◆ **Wouj.** Abouti a yon kanpe konplè sou liy kanpe ki make a. Pon an ap fonksyon epi wout la fèmen pou tout sikilasyon pyeton ak machin.
- ◆ **Jòn.** Limyè a pral vin wouj. Kanpe si ou kapab fè sa san danje. Pon an pral kòmanse operasyon.
- ◆ **Vèt.** Kontinye ak prekosyon.



Limyè Jòn Kap Flache. Lè limyè jòn la ap flache, pon levan an ap fonksyone. Ralanti epi prepare w pou kanpe.

Pòtay Yo. Anpil pon levan gen pòtay ak limyè wouj k ap flache ak klòch. Kanpe lè limyè yo kòmanse flache epi anvan pòtay la bese. Li kont lalwa pou kondwi ozalantou oswa anba yon pòtay—swa desann oswa pandan y ap louvri oswa fèmen—epi li trè danjere.



Pano & Siyal pou Pyeton yo

Siyal pyeton yo montre mo oswa foto pou endike lè li an sekirite — ou non—pou itilize pasaj pou pyeton an.

WALK Oswa Moun K Ap Mache. Ou ka kòmanse travèse lari a.

PA MACHE Oswa Leve Men. Pa jam antre nan pasaj pou pyeton an oswa kòmanse travèse lari a lè men ki leve a ap flache oswa solid. Si w deja nan pasaj pou pyeton an lè siyal sa a kòmanse flache, fini travèse lari a byen vit.



Dekont Siyal La. Dekont la kòmanse nan kòmansman PA KÒMANSE (faz men k ap flache) epi li fini ak yon zewo ak yon faz PA MACHE (men solid). Yon fwa dekont la kòmanse ak men an ap flache, li pa an sekirite ankò pou antre nan pasaj pou pyeton an.

Baliz Rektangilè Kap Flache Rapid. Peze bouton an pou aktive siyal la. Yon fwa limyè yo kòmanse flache epi sikilasyon an kap vini an kanpe, sèvi ak pasaj pou pyeton an. Chofè yo dwe kanpe epi sede bay pyeton yo nan pasaj pyeton yo.

Baliz Ibrid Pou Pyeton



- ◆ Lè w ap apwoche yon siyal pyeton ki pa gen limyè, si entèsekson an lib, ou mèt ale.
- ◆ Si gen yon limyè jònkap flache, ralanti, paske limyè sa a endike ke yon pyeton te aktive bouton pouse a. Apwoche nan yon vitès ki pral pèmèt ou kanpe si limyè a chanje.
- ◆ Si gen yon limyè jòn fiks, prepare pou kanpe.
- ◆ Si gen yon limyè wouj fiks, kanpe pou pyeton nan pasaj pou pyeton yo.
- ◆ Si gen yon limyè wouj k ap flache, kontinye ak prekosyon. Si pa gen okenn pyeton ki preznan epi entèsekson an lib, ou mèt ale.



Pano & Siyal pou Travèse Ray Tren yo

Lè w ap apwoche yon otowout ki travèse ray tren, ralanti epi pare pou w kanpe. **Pa kanpe sou ray tren yo oswa nan yon distans 15 pye de travèse a.**

Nenpòt chofè, siklis oswa pyeton k ap apwoche yon otowout ki travèse ray tren dwe kanpe si:



- ◆ aparèy avètisman yo ap flache;
- ◆ pòtay travèse a bese;
- ◆ yon moun kap flote drapo ap avèti yon tren k ap apwoche; ak/oswa
- ◆ yon tren k ap apwoche vizib klèman.



Pano Avètisman Davans. Anjeneral sa a se premye siy ou wè lè w ap apwoche yon otowout ki travèse ray tren.


Pano Kwaze. Sa yo se siy pou sede; ou dwe sede pasaj tren yo. Yon siy anba pano kwaze a la pral montre kantite tren si gen plis pase yon ray.

Siyal Limyè Wouj Kap Flache Yo. Nan anpil travèse, siy kwaze a gen limyè wouj k ap flache ak klòch. Lè limyè yo kòmanse flache, kanpe imedyatman! Yon tren ap apwoche.

Pòtay Yo. Anpil travèse gen pòtay ak limyè wouj k ap flache ak klòch. Kanpe lè limyè yo kòmanse flache epi anvan pòtay la bese atravè vwa ou a. Li kont lalwa pou w kondwi ozalantou oswa anba yon pòtay travèse—swa desann oswa pandan w ap louvri oswa fèmen.

Makaj Pave A. Yo ka pentire mak sou apwòch pave a nan yon travèse anvan liy kapnpe a.

Anvlòp Dinamik. Yo itilize mak sou wout blan ki gen fòm X yo pou mete aksan sou zòn danje kote itilizatè wout yo pa ta dwe Kanpe. Mak sa yo endike espas lib ki nesesè pou tren yo pase san danje, paske nenpòt objè ki nan anvlòp dinamik la gen potansyèl pou yo frape lè tren an ap pase.



Sonje:

- ◆ Ralanti lè w ap apwoche pasaj ray tren yo.
- ◆ Prepare w pou w kanpe sitou lè w ap swiv otobis oswa kamyon yo; anpil nan yo oblige kanpe nan pasaj ray tren yo menm lè pòtay yo leve/limyè yo pa flache.
- ◆ Si gen plis pase yon sèl ray, asire w ke tout ray yo lib anvan ou travèse.
- ◆ Nan sikilasyon ankonbre, asire w ke gen plas pou machin ou a sou lòt bò a nan wout la anvan ou travèse.
- ◆ Tren yo souvan vwayaje pi vit pase jan yo parèt la epi yo pa ka kanpe byen vit. Pa eseye "fè konkirans ak tren an," tren an ap toujou genyen.

Pano & Siyal Zòn Lekòl yo


Pano Pou Lekòl. Ou pre yon lekòl. Siveye timoun yo toutan, pa sèlman nan lè lekòl yo.

Travèse Lekòl. Ralanti epi veye pou timoun kap travèse wout la. Kanpe si sa nesesè. Obeyi siyal nenpòt brigad travèse lekòl yo.

Kòmanse Zòn Lekòl La. Pa depase limit vitès zòn lekòl la pandan lè yo endike oswa lè limyè ap flache.

Fen Zòn Lekòl La. Marke fen yon vitès redwi pou zòn lekòl.

Estasyon Otobis Lekòl Pi Devan An. Prepare w pou kanpe. Yo sèvi ak pano sa a pou avèti otomobilis yo konsènan yon estasyon otobis lekòl ki ka sanzatann oswa ki ka kache nan jeyometri wout la, tan-kou yon koub oswa yon ti mòn.





flhsmv.gov/drowsy

FLHSMV



Preparasyon pou Kondwi

Enspekte Machin Ou

Fren: Tcheke pou w wè ke pedal la rete anwo sòl la lè w peze sou li. Si machin nan rale sou yon bò lè w frennen oswa si w tande nenpòt bri grate oswa griyman, fren ou ka bezwen repare.

Limyè: Tcheke souvan, ranplase anpoul ki boule epi kenbe lantiy yo pwòp.

Kawotchou: Enspekte souvan pou enflasyon apwopriye / presyon kawotchou, menm izaje ak domaj chamnm yo.

Fenèt Ak Vit: Kenbe glas la pwòp anndan kou deyò.

Fenèt Dèyè: Si fenèt dèyè a kouvri oswa tente ak nenpòt materyèl ki fè li pa transparan, machin nan dwe ekipe ak miwa lateral sou toude bò yo ki pèmèt chofè a kapab wè pa dèyè a omwen 200 pye.

Avan w demare motèw la:

- ◆ Asire w ke machin nan sou pake oswa net.
- ◆ Ajiste chèz la pou ou ka gen aksè a tout kontwòl yo.
- ◆ Ajiste tout retwovizè yo pou w ka itilize yo san w pa bezwen panche devan oswa dèyè.
- ◆ Deplase nenpòt bagay ki anpeche w wè nan miwa yo oswa wout la.
- ◆ Vewouye tout pòt machin yo.
- ◆ Mare senti sekirite w epi asire w tout pasaje yo fè menm bagay la.

Fè Bak

1. Tcheke dèyè machin ou anvan ou monte. Timoun ak ti objè yo pa vizib depi chèz chofè a.
2. Mete bra dwat ou sou do chèz pasaje a epi vire toutotou pou ou ka gade dirèkteman nan fenèt dèyè a.
 - ◆ Pinga ou depann de retwovizè sou kote oswa pa dèyè yo paske ou pa ka wè dirèkteman dèyè machin ou.
 - ◆ Pa konte konplètman sou kamera/alam yo; yo pa toujou detekte timoun pití ak bêt yo.
3. Fè bak dousman; machin ou a pi difisil pou dirije pandan w ap fè bak.
4. Lè sa posib, mande yon moun deyò veyikil la pou ede w fè bak.

Ang Mò yo

Ang mò yo se zòn ki toupre kwen dèyè goch ak dwa machin ou ke ou pa ka wè nan retwovizè ou yo oswa ak vizyon periferik ou.

Anvan ou deplase pou chanje vwa sou yon otowout, double sou nenpòt wout, oswa fè sèten vire, vire tèt ou pou asire ke zòn sa yo degaje. Pinga ou kondwi nan ang mò yon lòt moun. Avanse oswa rekile pou lòt chofè a ka wè ou. Plis machin nan pi gwo, se pi gwo ang mò yo ye. Gwo kamyon ak SUV yo gen ang mò ki toupre dèyè veyikil la ke w pa ka wè nan retwovizè yo (**gade Okenn Zòn nan paj 82 a.**)



Ang Mò yo
(apwoksimatif)

Distans Frenaj

Distans Pèsepsyon

Ki distans machin ou ap kouri—nan kondisyon metewolojik favorab yo—depi lè je ou wè yon danje jiskaske sèvo ou rekonèt li. Distans pèsepsyon an ka afekte pa kondisyon mantal ak fizik, medikaman, osi byen ke vizibilite ak danje a li menm. Tan an mwayèn pèsepsyon pou yon chofè alète se $\frac{3}{4}$ segonn a 1 segonn.

Distans Reyaksyon

Ki distans ou pral kontinye pakouri apre w fin wè danje a jiskaske ou fizikman rennen. Chofè an mwayèn gen yon tan reyaksyon $\frac{3}{4}$ segonn a 1 segonn. A 50 MPH, sa reprezante yon pakou de 55 pye.


Distans Frenaj

Ki distans machin ou an pakouri—nan kondisyon metewolojik favorab—pandan w ap frennen. Nan 50 MPH, sou pave sèk ak fren ki bon, li ka pran apeprè 158 pye.

- ◆ Gwo vitès ogmante anpil distans kanpe yo ak gavite aksidan yo. Plis wap kondwi vit, se pi gwo enpak oswa pwisans frape machin ou an.
- ◆ Double vitès la vle di distans frenaj la ak enpak yo 4 fwa pi gwo.
- ◆ Triple vitès la vle di distans frenaj la ak enpak yo 9 fwa pi gwo.
- ◆ Kwadriple vitès la vle di distans frenaj la ak enpak yo se 16 fwa pi gwo.

Distans pou Kanpe Total

Distans minimòm total machin ou pral pakouri (distans pèsepsyon, distans reyaksyon, ak distans frenaj) jiskaske machin ou an kanpe totalman. A 50 MPH, ou pral pakouri yon minimòm de 268 pye...prèske longè yon teren foutbòl.



Respekte Distans yo

Kolizyon pa dèyè yo prèské toujou koze pa chofè ki swiv twò pre yo. Kenbe yon distans swivi ase laj (espas ki genyen ant ou menm ak machin ki devan ou an) ede anpil evite yon kolizyon ak machin ki devan ou an. Plis distans ki genyen ant machin ou an ak lòt yo, se plis tan ou genyen pou reyaji. Kenbe yon distans minimòm de kat segonn pandan move tan ak kondisyon sikilasyon favorab yo. (Ogmante distans swivi an pandan move tan oswa kondisyon sikilasyon ki pa favorab yo.)

Ki jan yo detèmine yon distans swivi ki an sekirite:

1. Gade lè dèyè machin ki devan an depase yon makè estasyonè tankou yon pano oswa poto limyè.
2. Konte segonn ke ou pran yo pou rive nan menm makè a: "Mye-yon, mil-de, mil-twa, mil-kat."
3. Si w depase makè estasyonè a anvan w konte jiska mil-kat, w ap suiv twò pre.

4. Diminye vitès epi konte ankò nan yon lòt pwen estasyonè. Repete jiskaske w ap swiv pa pi pre pase kat segonn.

Ogmante distans swivi w la nan sitiyasyon sa yo:

- ◆ Lapli oswa lè wout yo mouye.
- ◆ Vizibilite ki fèb- lè solèy kouche, maten byen bonè, lannwit, bwouya, elatriye.
- ◆ Lè yap depase w (plis espas devan machin ou an pou depasman an ka fèt san danje).
- ◆ Pote yon chay lou oswa rale yon trelè. (Pwa siplemantè a fè li pi difisil pou kanpe byen vit/dirije kòrèkteman.)
- ◆ Lè w kanpe dèyè yon lòt machin sou yon pant; li ka rekile anvan ou avanse.

◆ Lè w ap swiv:

- ◆ Motosiklèt yo. Gen plis chans pou yon motosiklis tonbe sou wout mouye oswa gravye yo, oswa sou sifas metal tankou pon yo. W ap bezwen distans siplemantè pou kanpe/direksyon pou evite frape motosiklèt la/siklis.
- ◆ Machin Ijans yo. Li kont lalwa pou swiv yon kamyon ponpye kap reponn a yon ijans pi pre pase 500 pye.
- ◆ Yo egzije veyikil yo pou kanpe nan pasaj a nivo yo, tankou otobis vil ak lekòl yo ak machin ki pote materyèl danjere yo.
- ◆ Machin ki gen yon vi pa dèyè bloke. Chofè kamyon, otobis, kamyonèt, oswa machin k ap rale trelè yo ka pa kapab wè machin ou lè ou dirèkteman pa dèyè yo.

Si yo swiv machin ou a twò pre, ralanti epi rete sou bò dwat la.

DISTANS SWIVI KAMYON YO

Yon kamyon oswa nenpòt veyikil k ap remote yon lòt machin pa dwe swiv nan yon distans 300 pye yon lòt kamyon oswa yon lòt machin ki nan remokaj. Lwa sa a pa aplike pou depase ak double oswa nan vil oswa vilaj yo.



Entèsekson yo

Anpil entèsekson make ak liy stop pou montre ki kote ou dwe rive nan yon kanpe konplè. Apre yon kanpe konplè, ou dwe sede dwa-pasaj bay sikilasyon ki déjà nan entèsekson an ak bay pyeton ak siklis yo. Avanse sèlman lè wout la degaje.

Toujou gade nan tou de sans yo pou pyeton oswa siklis nan yon entèsekson. Sonje gade adwat anvan w fè yon vire adwat.

Veyikil yo pase nan entèsekson an nan lòd yo te rive a; premye veyikil ki rive nan entèsekson an ta dwe avanse an premye. Si machin yo rive apeprè menm lè a, chak chofè dwe sede bay chofè yo sou bò dwat yo a. Nan yon kanpe nan de-sans, machin kap vire a sede bay machin nan ki pral dwat la.

Ale yo

Chofè k ap antre nan yon wout soti nan yon ale, riyèl oswa yon bò wout yo dwe sede bay machin ki déjà sou wout prensipal la, ansanm ak pyeton ak siklis ki sou twotwa a oswa nan vwa bisiklèt yo.

Entèsekson Louvri yo

Yon entèsekson louvri se youn ki pa gen pano oswa limyè kontwòl trafik yo. Lè ou antre nan yon entèsekson ki louvri, ou dwe sede dwa pasaj la si:

- ◆ gen yon machin déjà nan entèsekson an;
- ◆ ou antre oswa travèse yon otowout nasyonal apati yon wout segondè;
- ◆ ou antre nan yon wout pave soti nan yon wout ki pa pave; oswa
- ◆ ou anvizaje fè yon vire agòch epi yon machin ap apwoche nan direksyon opoze a.

Wonpwen yo

Yon wonpwen se yon entèsekson sikilè san limyè sikilasyon.

- ◆ Wonpwen yo sikile nan yon direkson sans inik, nan direkson sans envèse egwi yon mont.
- ◆ Chofè k ap antre nan wonpwen an dwe sede bay sikilasyon ki deja nan wonpwen an.
- ◆ Si pa gen sikilasyon, ou ka antre san ou pa sede bay.
- ◆ Pa chanje bò nan wonpwen an.
- ◆ Pa kanpe nan wonpwen an.
- ◆ Bay siyal anvan ou soti nan wonpwen an.


WONPWEN KI GEN PLIZYÈ VWA YO

Sa yo gen menm règ ak wonpwen yon sèl vwa yo, sepandan w ap bezwen chwazi vwa ki apwopriye a anvan w antre nan wonpwen an. Pou ale dwat oswa adwat, itilize ak vwa dwat la. Pou w ale tou dwat oswa agoch, epi pou w fè yon demitou, itilize vwa göch la.

Anvan yo antre oswa soti nan wonpwen, chofè yo dwe sede bay pyeton yo nan pasaj pou pyeton yo. Bisiklèt yo ka pran vwa nan wonpwen an oswa itilize twotwa a.

Otowout Aksè Limite yo

Otowout ak aksè limite yo—yo rele tou wout eksprès, otowout ki konekte eta yo, otowout a peyaj, wout peyaj, ak otowout—se wout ki gen plizyè vwa ki pa gen okenn pano kanpe, limyè sikilasyon oswa pasaj tren. Pyeton, otostòp, bisiklèt, veykil a traksyon bèt, ak moto-siksèt/ twotinèt a motè (avèk 150 santimèt kib oswa mwens) pa otorize sou otowout ki gen aksè limite yo.




Antre ak Soti nan Otowout Aksè Limite yo

Tout antre otowout ak aksè limite yo gen twa pati debaz: yon ranp antre, yon vwa akselerasyon, ak yon zòn fizyon.

LÈ W AP ANTRE SOU YON OTOWOUT AK AKSÈ LIMITÉ:

1. Sou ranp antre a, kòmansetcheke si gen yon ouvèti nansikilasyon an. Siyale entansyonw pou rantre sou otowout la.
2. Ogmante vitès ou pandan ranp lanap vin dwat nan liy akselerasyon an.
3. Ajiste vitès ou pou rantre nan sikilasyon an tout sekirite lè ou rive nan fen vwa akselerasyon an.
4. Antre nan sikilasyon an lè oukapab fè sa an tout sekirite. Ou dwe sede dwa pasaj bay sikilasyon ki sou otowout la. Pa kanpe nan vwa akselerasyon an sof si sikilasyon an twò okipe epi pa gen espas pou w antre an tout sekirite.

Antre sou Otowout ak Aksè



Soti nan Otowout ak Aksè Limite a

LÈ W AP KITE YON OTOWOUT AK AKSÈ LIMITÉ:

1. Antre nan vwa sòti a. Pifò sòti yo se sou vwa dwat la.
2. Aktive siyal vire ou pou montre entansyon ou pou sòti.
3. Ralanti nan vwa ralantisman an. Tcheke vitès ki an sekirite yo afiche pou ranp sòti a.
4. Pa fè vire nan dènye minit yo nan yon sòti. Si ou rate sòti ou, ou dwe ale nan pwochen an.

RAPÈL SEKIRITE POU OTOWOUT AK AKSÈ LIMITE YO

- ◆ Planifie davans. Konnen sòti ou yo. Nan Florida, sòti yo koresponn ak makè kilometraj yo sou otowout la.
- ◆ Kondwi nan bò dwat la epi double sou bò gòch la. Pandan w nan bò dwat la, veye pou machin k ap antre sou otowout la. Ajiste vitès ou oswa deplase pou yo ka antre san danje.
- ◆ Pa janm kondwi atravè oswa pake sou medyàn lan.
- ◆ Pa janm kanpe sou twotwa, akotman, oswa ranp koneksyon eksepte nan yon ijans. Si machin ou an tonbe anpann, ou dwe deplase li nèt sou twotwa a. (Pa plis pase sis èdtan.)

- ◆ Pa swiv twò pre. Kolizyon pa dèyè yo se pi gwo danje sou otowout ak aksè limite yo.
- ◆ Pa janm fè bak sou yon ranp antre oswa yon ranp sòti. SÈL eksepsyon pou sa a se si ou wè yon siy MOVE DIREKSYON oswa PA ANTRE oswa reflektè wouj sou liy vwa yo. Ou dwe fè bak oswa vire.
- ◆ Sispann kondwi lè ou santi ou fatige. Pa riske dòmi nan volan an.
- ◆ Obeyi Lwa Deplase La a.

Lwa Deplase La

Lwa Deplase La pwoteje ofisyè ki fè respekte lalwa yo, travayè ijans yo, chofè kamyon remokye yo, travayè sanitasyon yo, travayè sèvis publik yo ak machin antreyen wout ak pon oswa machin konstriksyon ki montre limyè avètisman ki kanpe sou wout yo pandan y ap fè travay yo.

Li pwoteje tou veyikil a motè ki anpan yo ki kanpe epi ki montre limyè avètisman/limyè detrès yo, lè l sèvi avèk fize ijans oswa siyal oswa kote youn oswa plizyè moun vizib prezan.

Sou yon Wout Plizyè Vwa

- ◆ Ou dwe kite liy ki pi pre estasyonman lapolis, veyikil ijans, remokaj, sanitasyon, oswa machin sèvis publik yo. (Siyale entansyon w pou chanje liy.)
- ◆ Siw pa ka deplase san danje, ou dwe ralanti a yon vitès 20 MPH pi ba pase limit vitès ki afiche a.
- ◆ Chofè ki pa nan liy ki pi pre machin estasyone a ta dwe prepare pou pèmèt moun ki pral deplase nan liy yo a.

Sou yon Wout De Vwa

- ◆ Ou dwe ralanti a yon vitès 20 MPH pi ba pase limit vitès afiche a.
- ◆ Si vitès limit la se 20 MPH oswa mwens, ou dwe vwayaje a 5 MPH.

Pakin

Lè w ap pake sou yon wout publik, ale pi lwen trafik ke posib. Ou pa dwe pake plis pase 12 pouz lwen twotwa a. Si gen yon zepòl bò wout la, rale sou li osi lwen kew kapab.


Toujou pake sou bò dwat wout la sof si se yon lari a yon sèl vwa. Pake paralèl ak twotwa a nan direksyon mouvman sikelasyon an, ak wou adwat paralèl ak nan 12 pouz nan twotwa adwat la oswa bò wout la. Mete fren pakin nan epi chanje sou Pake (transmisyon otomatik) oswa Ranvèse (transmisyon manyèl). Etènn motè a epi fèmen veyikil la. Lalwa Eta Florida mande pouw retire kle yo nan machin ou anvanw desan li.

Toujou tcheke sikilasyon ki bò kotew anvanw soti nan veyikil la pouw pa louvri pòt ou al frape yon siklis oswa yon lòt machin.

Anvanw kondwi soti nan nenpòt pozisyon ki estasyone, asirew ke wout la klè. Bay bon siyal vire a epi sede bay lòt machin anvanw sòti sou twotwa a.

Pake sou Ti Mòn yo

1. Vire wou yo pou si machin ou an kòmanse deplase, li pral woule lwen sikilasyon an oswa sou twotwa a.
2. Mete fren pakin nan.
3. Transmisyon otomatik: mete levye la sou Pake. Transmisyon manyèl: levye a sou Ranvèse (desann) oswa Premye (monte).
4. Etènn machin nan.




Pant Ki Desann

Vire wou yo bò twotwa a



Pant Ki Monte Ak Twotwa

Vire wou yo lwen twotwa a.



Pant Monte San Twotwa

Vire wou yo a dwat.


Pakin Dirèk

Lè yo byen pake, veyikil la ta dwe santré andedan espas la san okenn pati nan machin nan pa pwolonje soti nan liy sikilasyon an.

Li kont lalwa pou pake

- ◆ Sou pasaj pou pyeton yo
- ◆ Sou twotwa yo
- ◆ Nan liy bisiklèt yo
- ◆ Nan entèsekson yo
- ◆ Sou pon yo
- ◆ Sou pasaj siperyè yo
- ◆ Nan tinèl yo
- ◆ Devan antre kay yo
- ◆ Sou kote twotwa ki pentire an jòn yo
- ◆ Nan zòn NO PAKIN oswa ANDIKAPE OTORIZÉ SÈLMAN
- ◆ Sou bò wout yon lòt machin ki estasyone (pakin doub)

- ◆ Sou pave otowout yo pa make pou pakin
- ◆ Nenpòt kote ki bloke oswa ki kreye yon danje pou lòt machin yo
- ◆ Oswa andedan:
 - ◆ 15 pye yon bòn fontèn.
 - ◆ 20 pye yon entèsekson.
 - ◆ 20 pye nan antre nan yon ponpye anbilans, oswa estasyon sekou.
 - ◆ 30 pye yon bwat lèt riral sou yon otowout leta (8 am–6 pm).
 - ◆ 30 pye nenpòt siyal k ap flache, siy stop, oswa siyal sikilasyon.
 - ◆ 50 pye yon pasaj tren.



Rete a yon distans sekirite dèyè machin ou vle double a. Plis ou pwoche, se mwens ou ka wè.

Double

1. Ou dwe aktive siyal ou anvanw deplase nan liy gòch la pou fè lòt moun konnenw pral chanje liy pou double.
2. Rete a yon distans sekirite dèyè machin ou vle double a. Plis ou pwoche, mwens ou ka wè devan.
3. Anvanw retire kòw pou pase, tcheke ang mò yo epi asirew kew gen anpil tan ak plas pou double.
4. Tape klakson ou (lajounen) oswa flash limyè devan yo (lannwit) pou fè lòt chofè a konnen wap double l.
5. Pa retounen sou bò dwat wout la jiskaske ou ka wè kawotchou machin ou te double a nan retrouvizè ou. Bay siyal lè wap retounen nan liy ou a.
6. Ou dwe retounen sou bò dwat wout la anvanw rive nan yon distans 200 pye de nenpòt machin kap apwoche.

Pa eseye double plis ke yon machin alafwa. Double plizyè machin se danjere.

Rete nan limit vitès la. Li ilegal pou depase limit vitès la pandan wap double.

Ou Pa Dwe Double:

- ◆ kote ki gen yon sèl liy solid oswa liy solid doub de bò ki divize vwa yo;
- ◆ lè liy jòn doub bò a solid nan bò pa w la;
- ◆ nan zòn Pingaw Pase ak Pa Pase;

- ◆ sou ti mòn oswa koub kotew pa ka wè omwen 500 pye devan;
- ◆ nan yon distans 100 pye yon entèsekson, pon, vyadik, tinèl, oswa pasaj tren;
- ◆ lè yon otobis lekòl kanpe epi li gen limyè avètisman li yo ak siy stop pwolonje; epi
- ◆ nan pasaj pou pyeton kote yon machin te kanpe pou pèmèt yon pyeton travèse.

Lè yo ap Doublew

Pinga ou ogmante vitès ou pandan yap double w. Deplase sou bò dwat liy ou a pou bay chofè kap pase yo plis plas ak yon pi bon vizyon sou wout ki devan yo a.

*Lalwa Florida di ke yon chofè dwe deplase soti nan liy gòch la lè yon lòt machin k ap vini dèyè l nan yon vitès pi vit ap double li.

Double sou bò Dwat la

Double sou bò dwat la se sèlman legal lè gen de oswa plis liy trafik kap deplase nan menm direksyon an oswa lè machin wap double a ap vire agòch.

Dwa Pasaj

Règ sou dwa pasaj yo di w ki moun ki ale an premye epi ki moun ki dwe tann nan diferan kondisyon yo. Lalwa di kiyès ki dwe sede bay (renonse) dwa pasaj la.

Chak chofè, motosiklis, mopèt pyeton, ak sikelis yo dwe fè tout sa ki posib pou evite yon aksidan.

Limit Vitès yo

Limit vitès yo montre vitès ki pi rapid ou ka kondwi nan kondisyon favorab yo. Ou responsab pou ajiste vitès w pou w kondwi a kondisyon metewolojik, wout ak trafik yo. Pa egzanp, pandan yon tan-pèt, ou ta dwe kondwi pi dousman pase limit vitès ki afiche a. **Vitès ki pi an sekirite se sa ki pèmèt ou gen kontwòl konplè sou veykil ou a epi evite kolizyon.**

Obeyi limit vitès la diminye pwobabilite ak gravite aksidan yo. Plis wap kondwi vit, se pi gwo enpak oswa fòs frape machin ou an ye:

- ◆ Lè w double vitès yon machin, ou ogmante fòs enpak li kat fwa.
- ◆ Lè ou triple vitès yon machin, ou ogmante fòs enpak li nèf fwa.

Eksè nan vitès se kont lalwa. Ou dwe obeyi limit vitès la epi ou responsab pou konnen limit vitès la lè w ap kondwi. Obsèv epi obeyi pano limit vitès ki afiche yo.

“Eksè vitès la” se yon mit. Ou pa gen dwa kondwi jiska 10 MPH piwo pase limit vitès la epi ou ka resevwa yon kontravansyon pou vitès.

Limit Vitès Estanda Florida yo

- ◆ Zòn Lekòl yo: 20 MPH
- ◆ Zòn Minisipal, Biznis oswa Rezidansyèl: 30 MPH
- ◆ Ri ak Otowout yo: 55 MPH*
- ◆ Otowout ki gen Aksè Limite yo: 70 MPH

*Vitès maksimòm eksepte kote yo afiche otreman.

Dondwi twò lantman tou se kont lalwa nan Florida. Ou pa dwe kondwi tèlman dousman ke ou bloke oswa retade liy machin k ap deplase a yon vitès nòmal, san danje. Ou ta dwe kondwi ak rit sikilasyon an, nan limit vitès la. Lè w ap kondwi pi dousman pase sikilasyon an, rete dwat pou lòt moun ka pase san danje. Sou otowou yot, lè limit vitès ki afiche a se 70 MPH, limit vitès minimòm lan se 50 MPH.

Kanpe

Kanpe toudenkou se yon danje epi gendwa se akoz ou pa prete atansyon a sikilasyon an oswa swiv lòt moun yo twò pre. Kanpe toudenkou fè li difisil pou chofè ki dèyè w yo evite yon kolizyon pa dèyè.

Pou asire w ap kanpe dousman:

- ◆ Tcheke tout retrouvizè yo ak ang mò yo pou sikilasyon pa dèyè a.
- ◆ Lage akseleratè a pou pèmèt machin nan ralanti. Peze pedal fren an pou aktive limyè fren yo epi sèvi ak yon presyon fiks.

Liy Sikilasyon yo

- ◆ Sou yon gran wout de liy ou dwe toujou kondwi nan bò dwat la sof si wap double epi pase (kote yo pèmèt sa).

- ◆ Si wout la gen kat vwa oswa plis ak sikilasyon nan de sans, kondwi nan liy dwat yo eksepte lè w ap double ak depase.
- ◆ Liy santral yon otowout twa vwa oswa senk vwa yo itilize sèlman pou vire agoch.

Liy HOV yo

Gen kèk otowout ki rezève liy gòch la pou machin ki gen de oswa plis okipan oswa machin ibrid/ emisyon ba (LEV) yo. LEV yo bezwen yon otokolan ak ranpli Fòmilè FLHSMV 83027. Liy pou Veyikil Okipasyon Miltip sa yo (HOV) yo idantifye pa pano/senbòl pave dyaman, epi yo separe pa yon zòn tanpon trase. Veyikil yo ka antre epi sòti nan liy HOV sèlman nan pwen yo deziyen yo.

Reflektè Wouj ki sou Tras Liy yo

Reflektè wouj sou tras liy yo toujou vle di wap fè fas ak trafik nan move direksyon an epiw ka fè yon kolizyon pa devan.

- ◆ Siw wè reflektè wouj ki anfas ou sou tras liy yo, ou sou move bò wout la. Vire oswa antre nan liy awopriye a imedyatman!
- ◆ Siw wè reflektè wouj sou tras rebò wout la, wap sikile nan move direksyon an sou yon rann antre oswa sòti. Kanpe imedyatman! Vire lè li an sekirite pouw fè sa.

Fè Viraj

- ◆ Ou dwe itilize siyal direksyon machin nan oswa siyal men pou montre lòt chofè yo ke w ap vire.
- ◆ Lalwa egzije siyal vire lè w ap chanje liy oswa lè w ap depase yon machin.
- ◆ Ou dwe bay yon siyal vire pou pi piti 100 pye AVAN ou vire.
- ◆ Li kont lalwa pou itilize siyal direksyon ou yo pou di chofè ki dèyè w yo ka pase.
- ◆ Siyal men yo dwe bay sou bò gòch veyikil la.

* Remak: siklis yo ka lonje men ak bra dwat orizontalman sou bò dwat bisiklèt la pou vire adwat.

Vire nan yon kafou ka sanble se yon operasyon ki senp, men anpil aksidan trafik yo te koze pa chofè ki pa vire kòrèkteman yo.

1. Ralanti nan yon vitès vire san danje.
2. Deplase nan liy ki kòrèk la pandanw tou pre entèsekson an.
3. Aktive siyal vire ou a omwen 100 pye anvanw vire. Bay tan pou chofè ki bò kotew yo wè siyal ou a anvan w deplase.
4. Obeyi nenpòt pano PA VIRE NAN WOUJ oswa KANPE LA.



Vire a Goch



Vire a Dwat



Ralanti oswa Kanpe

5. Bay bisiklèt yo priyорите lèw ap travèse yon liy bisiklèt ak pyeton ki ka kwaze chemenw.
6. Rete nan liy ki apwopriye a pandan wap vire. Sede pasaj bay machin ak bisiklèt kap soti nan direksyon opoze a.
7. Fini vire nan liy apwopriye a. Vire adwat nan liy dwat la nan wout ou te antre a. Yon vire agòch ka fèt nan nenpòt liy ki disponib legalman— oswa ki an sekirite— pou direksyon ou vle sikile a.

Pa janm vire nan dènye minit la. Siw rive nan yon entèsekson kotew vle vire epiw pa nan liy ki apwopriye a, kondwi jiska pwochen entèsekson an epi answit vire soti nan liy ki apwopriye a.


Vire Twa Pwen yo

Pafwa wap bezwen vire nan yon ti espas. Sèvi ak yon vire twa pwen sèlman si wout la twò etwat pou yon Demi-tou epi ou pa ka ale ozalantou katye a.

Pou fè yon vire twa pwen:

1. Deplase pi adwat ke posib, verifye sikelasyon an, epi siyale yon viraj agòch. Vire volan an briskeman sou goch epi avanse pi dousman. Kanpe sou twotwa a.
2. Chanje vitès pou fè bak, vire wou yo briskeman sou bò dwat, tcheke trafik la, epi retounen machin ou sou bò dwat la.
3. Mete machin nan an mach epi rale pi devan ak anpil atansyon.

Pa janm fè yon vire twa pwen oswa yon demi tou sou yon koub, yon ti mòn, gran wout la, oswa kote ki gen yon pano ki entèdi demi tou yo.



Viraj Twa Pwen

Bèt yo

Sa ka rive kèk fwa kote yon bèt kouri toudenkou devan machin ou. Pa vire pou antre nan sikilasyon kap apwoche oswa soti nan wout la pou evite frape bèt la. Sa ka lakòz yon aksidan ki pi grav pase si machin ou te fè kolizyon ak bèt la.

Pou ka diminye chans ou genyen pou fè kolizyon ak yon bèt:

- ◆ Pran prekosyon lè wap kondwi nan douvanjou ak lè solèy kouche; sa a se lè bèt yo pi aktif.
- ◆ Pran plis vijilans lè wap kondwi sou wout ki make ak pano bèt k ap travèse yo epi toupre rakbwa ak dlo.
- ◆ Byen gade bò wout la epi siveye reflèks limyè devan yo nan je bèt yo.
- ◆ Aksidan sèf/veyikil yo fèt pi souvan soti oktòb rive desanm.

Si yon bèt prezan:

- ◆ Ralanti lè wap pwoche bò kote bèt ki kanpe toupre wout la, yo ka degè-pye oswa chanje direksyon.
- ◆ Flache limyè devan ou yo pou avèti lòt chofè lè ou wè bèt sou wout la oswa toupre.
- ◆ Siw gen tan pouw evite frape yon bèt, redwi vitès ou, peze fren w, epi sonnen klaksòn ou. Sèf yo gen tandans fikse sou limyè devan yo lèw flache yo ka lakòz bèt la friz. Si pa gen machin ki tou prè dèyèw, frenen fò sanw pa bloke wou ou yo.
- ◆ Si kolizyon an inevitab, pa vire pou evite bèt la. Kenbe veyikil ou anba kontwòl ak sou wout la.
- ◆ Rapòte aksidan an bay lapolis si li enplike yon gwo bèt tankou lous, sèf, oswa bèt nan fèm.

Vizibilite Fèb

Lafimen ki soti nan dife forè ak boule kontwole, bwouya ak gwo lapli pral afekte kapasitew pouw wè. Lè wap kondwi nan kondisyon vizibilite ba yo:

- ◆ Ou dwe limen limyè devan yo. Limyè pakin yo pa yon ranplasan.
- ◆ Kondwi ak limyè kwazman yo. Gwo Limyè yo pral reflete nan bwouya a ak afekte vizibilite an plis.
- ◆ Limen limyè devan yo chak fwa ou aktive eswi-vit ou yo.
- ◆ Sèvi ak eswi-vit ak dejivrè yo pou yon vizibilite maksimòm. Pafwa li difisil pou detèmine si vizibilite fèb koze pa bwouya oswa imidite sou vit machin nan.
- ◆ Sèvi ak kwen dwat wout la oswa liy kwen ak liy sant yo kòm gid vizyèl.
- ◆ Elimine tout distraksyon nan machin ou. Fèmen radyo, telefòn selilè, elatriye.
- ◆ Fè atansyon ak veyikil k ap deplase dousman epi ki pake yo.
- ◆ Kenbe vit machin ou ak limyè devan yo pwòp pou diminye ekla ak ogmante vizibilite.

Lapli

Lèw aktive eswi-vit ou yo, limen limyè devan yo.

Ale dousman! Wout yo vin glise pandan tanpèt lapli epi sitou sil pat fè lapli depi kèk tan (akimilasyon lwl sou otowout la). Kondisyon wout mouye yo ap ogmante distans frenaj/kanpe ou, kidonk asirew kew ogmante distans swivi ou.

Idwoplanaj rive lè machin ou glise sou tèt yon kouch dlo mens ant kawotchou ou yo ak wout la. Lè kawotchou ou yo pa touche wout la, ou ka fasilman pèdi kontwòl ak glise. Kawotchou ki gen presyon lè ki ba oswa move bann woulman yo ogmante risk pou yo fè idwoplanaj (**nan paj 79**)—se men jan tou pou eksè vitès.

Fren yo souvan vin mouye aprew fin kondwi nan gwo lapli. Yo ka rale yon bò oswa yon lòt, oswa yo ka pa kenbe ditou. Si sa rive, ralanti epi pouse pedal fren an dousman jiskaske fren ou yo ap travay ankò.

Si w rive sou yon wout ki inonde, vire toutotou epi chèche yon lòt wout. **Pa ese ye kondwi nan dlo a!** Li enposib pou detèmine pwofondè oswa kouran an epi machin ou ka vin sibmèje oswa baleye.

Kondwi Lannwit

Ou pral bezwen kondwi ak plis pridans pandan lannwit. Ou pa ka wè byen lwen devan epi ekla machin kap vini yo ka diminye vizyon ou plis toujou. Lalwa Florida di ou dwe:

- ◆ Sèvi ak limyè devan yo ant lè solèy kouche ak lè solèy leve.
- ◆ Pa sèvi ak gwo limyè devan yo a 500 pye yon machin kap vini anfas ou; sèvi ak limyè kwazman yo.
- ◆ Pa sèvi ak gwo limyè devan yo a 300 pye machin ki devanw la; sèvi ak limyè kwazman yo.
- ◆ Pa itilize limyè pakin sèlman yo nan plas limyè devan yo lew ap kondwi.
- ◆ Limen limyè pakin ou yo lannwit lèw estasyone sou yon wout oswa yon kote andeyò vil ak vilaj yo.



Limyè devan yo ka revele objè jiska yon distans omwen 450 pye epi yo pi efikas pou vitès ki pi vit pase 25 MPH.



Nan mitan lannwit, ekla nan machin kap apwoche yo ka diminye vizyon ou.

Swiv direktiv sa yo pou kondwi lannwit:

- ◆ Evite “kondwi twòp” limyè ou yo (kondwi twò vit pou saw ka wè).
- ◆ Ampoul gwo limyè devan yo ka revele objè jiska yon distans 450 pye epi yo pi efikas pou vitès ki pi vit pase 25 MPH.
- ◆ Lè wap kite yon zòn ki byen klere, kondwi dousman jiskaske je w ajiste nan fènwa a.
- ◆ Pa gade dirèkteman nan limyè devan kap vini yo. Sèvi ak liy bò yo kòm gid vizyèl epi gade byen vit pou tcheke pozisyon lòt veyikil la chak kèk segonn.
- ◆ Kondwi pi lwen adwat ke ou kapab si yon machin ki gen yon sèl limyè ap vin anfas ou; li ta ka yon machin ki gen yon limyè devan ki manke.



*Fèatansyon pou pyeton tout kote, tout tan.
Pran plis prekosyon lèw ap kondwi nan kondisyon ki
difisil pou wè, tankou lannwit oswa move tan.*

flhsmv.gov/pedestrian



Imajine ou te nan yon ijans...

Èske lapolis tap konnen **KI MOUN POU RELE?**

Anrejistre jodi a nan sistèm Enfòmasyon pou Kontak Ijans (ECI) Florida a. Li gratis, rapid epi fasil!

ECI pèmèt lapolis kontakte fanmi oswa zanmi yo deziyen pou yon sitiyasyon ijans. Depatman Sekirite Woutyè ak Veyikil a Motè Florida kenbe sistèm nan an sekirite epi lapolis kapab jwenn aksè sèlman nan ka ta gen yon ijans.

Moun nan Florida ki gen yon lisans chofè oswa yon kat idantite ki valid kapab antre jiska de kontak pou ijans. Rezidan yo ka enskri oswa mete ajou ECI yo gratis sou flhsmv.gov/eci ak nan biwo lokal lisans kondwi nan tout eta a.



**ENFÒMASYON KONTAK
POU IJANS**

Èske enfòmasyon ou yo chanje?

Ale sou entènèt epi mete ajou ECI ou a pou asire ke yon moun la pou ou lè ou bezwen yo.

Pou plis enfòmasyon konsènan sèvis sa a ak lòt sèvis FLHSMV bay, vizite flhsmv.gov.

Kondwi Defansiv

Kondwi defansiv se itilize estrateji kondwi san danje pou anpeche aksidan yo. Sa vle di ke ou chanje kondwi ou an fonksyon de kondisyon metewolojik yo, jan ou santi ou, ak aksyon lòt otomobilis, siklis, ak pyeton yo. Swiv etap sa yo pou evite aksidan:

- Veye pou danje posib.** Pa egzanp, si w hè siy zòn lekòl, planifye saw pral fè si yon timoun kouri oswa rantre nan lari a.
- Antisipe sa yon lòt chofè ta ka fè epi fè ajisteman apwopriye yo.** Pa egzanp, ou te remake yon moun agresif pase ak chanje liy lè yo ap pwoche bò kote ou soti pa dèyè a. Ou ta dwe antisipe ke yo pral pwobableman pase ou epi double ou —ralanti epi pare pou frennen, si sa nesesè.
- Pran plis prekosyon lè w ap apwoche yon entèsekson.** Aksidan yo rive nan entèsekson plis pase nenpòt lòt kote.
- Si yon aksidan inevitab:
 - ◆ Li pi bon pouw deplase sou wout la olye pouw antre nan sikilasyon kap apwoche a.
 - ◆ Li pi bon pouw kite wout la olye pou w patinen.
 - ◆ Li pi bon pouw frape yon bagay ki pa deplase olye ke se yon veyikil k ap deplase nan direksyon ou.
 - ◆ Frape yon machin kap deplase nan menm direksyon ak ou pi bon olye w frape yon machin an fas ou.
 - ◆ Frape yon “objè mou” (pa egzanp, yon baraj jaden) pi bon pase frape yon objè solid tankou yon pye bwa oswa yon poto.

Entèraksyon ak Lapolis

Lapolis responsab pou fè kontwol sikilasyon yo lè yo gen soupson rezonab sou yon vyolasyon trafik oswa yon vyolasyon kriminèl. Yon kontwol sikilasyon kapab yon eksperryans estresan pou chofè a, nenpòt pasaje yo, ak pou ofisyè a tou. Lè w konnen sa pou w fè pandan kontwol la ap ede asire sekirite w ak sekirite lòt moun yo. Lè ou wè limyè ijans dèyè ou, li enpòtan pou ou menm ak pasaje ou yo rete kalm epi kolabore.

Sonje pou w:

- Aktive siyal vire ou epi raze w oswa sou bò wout la yon fwa ke li an sekirite pou fè sa.
- Etènn motè ou ak nenpòt aparèy odyo.
- Rete nan machin ou sof si ofisyè a mande pou w soti.
- Kenbe men ou sou volan an oswa nan yon kote ki vizib pou yo ka wè yo byen fasil.

5. Limen limyè enteryè ou yo si yo kanpe w ou pandan lannwit pou ede ak vizibilite. Ofisyè yo ka sèvi ak yon flach pou plis vizibilité. Pandan jounen an, si ou gen fenèt tente, woule tout fenèt yo desann.
6. Swiv tout enstriksyon ofisyè a ba ou oswa pasaje ou yo..

Ofisyè a ka pwoche nenpòt bò machin nan. Lè ofisyè a pwoche bò machin nan, sonje:

1. Bese fenèt ki koresponn lan pou ou menm ak ofisyè a ka pi byen kominiike.
2. Fè ofisyè a konnen si ou gen yon zam nan veyikil la nan premye kontak.
3. Tann enstriksyon ofisyè a anvan ou pran lisans chofè w la oswa dokiman machin ou an.

Lè w pral kanpe a, ofisyè a pral anjeneral:

- ◆ Montre idantifikasyon lapolis yo si yo pa an inifòm. Si yo pa montre idantifikasyon yo, ou ka mande pou wè yo.
- ◆ Eksplike poukisa yo te kanpe ou/ poze kesyon sou vwayaj ou a.
- ◆ Mande lisans ou, prèv asirans, ak anrejistremachin ou. Si dokiman yo pa tou pre ou, di ofisyè a ki kote yo ye epi tann pou konfirmasyon ofisyè a anvan chèche pran dokiman yo.

Nan kèk ka, ofisyè a ka:

- ◆ Mande w pou w soti nan veyikil la. Nan ka sa a, kenbe men ou vizib, sòti nan veyikil la, epi kanpe nan yon kote jan ofisyè a mande a.
- ◆ Enpoze w a yon sinksyon tankou yon avètisman, tikè trafik ki ka gen ladan yon amann, oswa arestasyon. Ofisyè a pral tipikman eksplike kèlkeswa aksyon yo ap pran an. Si yo pa fè sa, ou ka mande yo pou yo fè sa.

Si w gen kesyon, avèk respè mande ofisyè a pou l klarifye. Si w pa dakò ak desizyon ofisyè a oswa ak aksyon an, pa pwolonje kontak la nan diskite ak ofisyè a. Olye de sa, ou ka chèche konteste desizyon an nan tribunal atravè chanèl legal ki etabli yo. Akseptasyon w ak siyati w sou yon tikè trafik se pa yon admisyon ke ou koupab. Sepandan, refi pou siyen yon tikè trafik ka lakòz arestasyon ou.

Si w kwè ofisyè a te aji mal oswa si w gen kesyon konsènan konduit yo, ou ka mande pou w pale ak yon sipèvizè. Sa a tap pi bon pou w fè byen vit ke posib apre yo kanpe w la.

Swiv pwosedi sa yo ka ede fè yon kanpe sikilasyon yon eksperyans an tout sekrite pou tout pati ki enplike yo.

Gen plis enfòmasyon ki disponib sou entènèt sou: www.aamva.org/law-enforcement/what-to-do-when-stopped-by-law-enforcement.

* Gid sa a te apwouye pa Asosyasyon Ameriken Administratè Veyikil a Motè yo, Asosyasyon Entènasyonal Chèf Lapolis, Òganizasyon Nasyonal pou Egzekitif Lapolis Nwa yo ak Asosyasyon Nasyonal Sheriffs yo.

Responsablite w Apre yon Aksidan

Siw enplike nan yon aksidan ki lakòz lanmò, blesi oswa domaj pwopriyete, se devwa w—lalwa egzijew—pou bay enfòmasyon epi bay èd. Toujou rete kalm.

1. Kanpe epi rele 911, *FHP (*347), oswa lapolis lokal yo.
2. Limen limyè detrès yo.
3. Si yon moun blese, ou dwe jwenn èd imedyatman!
4. Si se yon aksidan minè epi machin ou an bloke sikilasyon an, ou dwe deplase li oswa fè yo deplase l.
5. Echanje enfòmasyon sou machin, temwen, ak chofè (non, adrès, nimewo telefòn, nimewo plak machin, lisans chofè ak asirans).
6. Pran foto oswa trase sèn nan, ki montre kote aksidan machin yo.

Yon ofisyè polis pral ranpli yon rapò alekri si aksidan an enplike yon chaj DUI oswa koze lanmò, blesi, oswa domaj pwo-priyete nan limit kote yo dwe remoke yon machin.

Si aksidan an lakòz domaj nan machin oswa pwopriyete epi li pa egzije yon rapò lapolis, ou dwe fè yon rapò alekri sou aksidan an bay FLHSMV nan 10 jou. (Sa a ka fèt sou flhsmv.gov.)

Siw nan yon aksidan ak yon machin ou oswa lòt pwopriyete san siveyans, ou dwe fè tout efò pou jwenn pwopriyetè a epi avèti lapolis. Siw pa ka jwenn pwopriyetè a, ou dwe kite yon nòt ki gen ladann non w, enfòmasyon pou kontaktew, ak nimewo plak ou (anrejistreman).



Rete sou Sèn nan

Li kont lalwa pou kite sèn yon aksidan ki enplike lanmò, blesi oswa domaj pwopriyete.

SANKSYON POU FRAPE EPI KOURI ALE

Siw kite sèn epi sa lakòz:

- ◆ **Lanmò:** Krim 1ye degré, minimòm 4 ane prizon.
- ◆ **Blesi kòporèl grav:** Krim 2yèm degré.
- ◆ **Blesi:** Domaj Krim 3yèm degré.

Tout sa ki anwo yo gen ladan li pèdi lisans chofè ou pou 3 ane minimòm.

Domaj nan yon veyikil oswa lòt pwo-priyete ke nenpòt moun kondwi oswa asiste se yon deli 2yèm degré.

Premye Swen

Si w tonbe sou yon aksidan, rele 911 oswa *FHP (*347) epi/oswa voye yon moun pou èd. Pa sipoze yon lòt moun te rele; li pi bon pou sèvis ijans yo rese-vwa plizyè apèl olye ke pa gen okenn ditou.

Pa mete tèt ou an danje! Rete pi lwen wout la ke posib epi limen limyè ijans ou yo pou avèti lòt moun. Fè atansyon lè wap soti nan machin ou an epi rete andeyò sikilasyon an.

Si yon moun blese, aplike premye swen. Sepandan, pa deplase yon moun ki blese ki ka gen yon blesi nan kou oswa epinyè. Pa eseye retire kas yon chofè motosiklèt oswa bisiklèt ki blese.

Trete pou Chòk

Moun ki te blese yo ka antre an chòk. Lè yon moun an chòk, tout fonksyon kò yo ralanti. Chòk ka grav anpil epi li ka lakòz lammò. Trete blese a pou chòk kèlkeswa si yo sanble an chòk ou pa:

- ◆ Kenbe moun ki blese a kalm.
- ◆ Pa ba yo anyen pou yo bwè.
- ◆ Fè moun nan kouche plat epi leve janm li.
- ◆ Kouvri moun nan ak dra pou kenbe chalè kò a.
- ◆ Kenbe yon vwa respiratwa ouvè.

Senaryo Ijans yo

Evite Kolizyon pa Dèyè yo

Pou evite frapeveykil ki devanw lan, kenbe omwen kat segonn distans swivi a epi ogmante distans swivi a lè move tan oswa gwo sikilasyon. Pou diminye risk pou yon moun kouri antre dèyè machin ou:

- ◆ Tcheke limyè fren ou yo pou asirew yo pwòp epi yo fonksyone byen.
- ◆ Konnen kisa kap pase bò kotew. Sèvi ak retrouvizè yo ak miwa bò yo.
- ◆ Siyale byen davans pou vire, arè, ak chanjman liy.
- ◆ Evite kanpe toudenkou; ralanti gradyèlman ak byen dousman.
- ◆ Kondwi nan sans sikilasyon an (nan limit vitès la). Kondwi twò dousman ka danjere.

Pann/Veykil Anpann yo

1. Ou dwe deplase veykil la pou tout kat wou yo ka soti nan vwa sikilasyon yo pi vit posib. Siw pa ka deplase li, ou dwe fè yo deplasel pi vit ke posib.
2. Si sa posib, pake machin anpann nan kote yo ka wèl a 200 pye nan chak direksyon.
3. Limen limyè ijans ou yo.
4. Fè tout pasaje yo soti nan machin nan bò kote ki lwen sikilasyon la.
5. Rele *FHP (*347) oswa yon lòt ajans lapolis pou asistans.

Frenaj Ijans

Pou kanpe nan yon sitiyasyon ijans kotew pèdi traksyon, chofè ak fren konvansyonèl yo ta dwe ponpe fren yo. Chofè ki gen fren anti-blokaj (ABS) dwe peze pedale fren an fò, kenbe l, epi evite danje. Si chofè ki gen ABS retire presyon fiks nan pedal fren an oswa ponpe fren yo, ABS la pral dezangaje oswa etenn.

Machin yo ki genyen:

- ◆ **ABS Kat-wou** (nan machin pasaje yo ak kèk ti kamyon). Frennen fò, kondwi, epi kenbe presyon konstan sou pedal fren an.
- ◆ **ABS Wou-deyè** (sèlman sou kèk ti kamyon). ABS anpeche wou dèyè yo bloke pou pwent dèyè machin nan pa glise. Wou devan yo ka toujou bloke epi lakòz chofè a pèdi kontwòl volan an. Si sa rive, kite pedal fren an jis ase pou pèmèt wou devan yo kòmanse woule ankò pou reprann kontwòl.

Dife

1. Soti nan machin nan.
2. Rele 911 pou asistans.
3. Eseye etenn dife a sèlman si ou gen yon ekstèntè pòtab epi dife a piti. **PA JANM aplike dlo sou yon dife gazolin oswa dyezèl.**
4. Si ou pa ka etenn dife a, ale lwen veyikil la! Lafimen yo toksik epi yon eksplozyon posib.

Pedal Gaz Bloke

1. Retire pyew sou pedal gaz la.
2. Peze klòtch la (transmisyon manyèl oswa chanjman sou net (transmisyon otomatik).
3. Si sa nesesè, peze—pa frape—fren yo pou ralanti veyikil la.*
4. Dirijew yon kote ki an sekirite pou kanpe avèk prekosyon.

* Pa etèn motè sof si #1 ak #2 pa fonksyone pou ralanti veyikil la. Si ou etèn motè a, ou pral pèdi kapasite pou dirije machin nan.

Koreksyon Eksesiv

Koreksyon eksesiv se eseye vire volan twòp an reyakson a yon evènman oswa pèt kontwòl yon machin. Anjeneral, sa rive lè yon otomobilis vire twò brisk nan yon efò pou evite yon kolizyon oswa kondwi soti nan wout la. Sa ka lakòz yon aksidan woule oswa viraj nan trafik kap apwoche a. Evite korije ak eksè! Si w wè kew ap kite wout la envolontèman:

1. Rete kalm.
2. Kenbe volan an byen fèm.
3. Wete pye ou sou gaz la epi pa peze sou fren yo toudenkou.
4. Dirije machin nan kote ou vle.

5. Si sa nesesè, dirije machin nan nan yon kote ki an sekirite epi kanpe.

Pann Kouran

Nan sikontans kote kouran an koupe epi Limyè sikilasyon yo pa aktif, trete entèsekson yo tankou yon stop kat-sans:

- ◆ Veyikil yo deplase nan entèsekson an nan lòd yo te rive a (premye ki rive a se premye ki pou avanse).
- ◆ Si plizyè machin rive an menm tan, chofè ki sou goch la sede bay chofè ki sou bò dwat la pase.

Jant Dwat Deyò Pave a

1. Retire pyew sou pedal gaz la.
2. Kenbe volan an byen fèm epi dirije nan yon liy dwat.
3. Frennen dousman.
4. Rete tann jiskaske wout la libere. Vire tounen sou pave a nan yon vitès dousman (siyale entansyon ou).

Derapaj/Idwoplanaj

1. Retire pyew sou pedal gaz la.
2. Pa sèvi ak fren ou yo, si sa posib.
3. Vire kawotchou devan veyikil la nan direksyon ou vle ale (vire nan direksyon derapaj la).
4. Si w pral frape yon bagay, **gade Frenaj Ijans nan paj 78.**

Bloke sou Ray Tren yo

Si machin ou bloke sou ray tren yo, fè tout moun soti imedyatman epi ale lwen machin nan!

Siw bloke nan yon pasaj tren epi limyè avètisman yo kòmanse flache, 20 segonn se kantite tan minimòm ke yon tren pran pou rive nan pant lan apre limyè avètisman yo kòmanse flache.

Si yon tren ap vini, kouri nan yon ang 45 degré lwen ray yo, men nan yon direksyon anvè tren an; wap gen mwens chans pouw frape machin ou an oswa debri ki soti nan kolizyon an. Rele 911 oswa *FHP (*347).

SISTÈM NOTIFIKASYON IJANS (ENS)

Gen yon pano ENS ble ki enstale nan chak pasaj otowout ki gen ray. Pano sa a bay enfòmasyon enpòtan pou kontak ijans pou kontakte responsab ray tren si gen yon pwoblèm nan pasaj la oswa si gen yon bagay ki bloke ray yo.

REPORT EMERGENCY
OR PROBLEM
TO 1-800-555-5555
CROSSING 836 597 H

Machin ki Koule

Siw al tonbe nan yon letan, yon rivyè, oswa yon lòt kòt dlo, machin ou ap flote sou sifas la sèlman pou 30–60 segonn. Soti nan veyikil la imedyatman—PA rele 911 jiskaske ou soti nèt nan veyikil la!

1. Deboukle senti sekirite ou.
2. Woule fenèt la desann anvan machin nan koule. Si ou kapab louvri pòt la, ou dwe konnen ke machin nan pral imedyatman ranpli ak dlo.

3. Si ou pa kapab woule fenèt la desann, eseye kraze yon vit lateral ak pye w.

Gen anpil kalite “zouti sovtaj” ki disponib ki pral byen vit kraze yon vit. Siw kenbe youn nan veyikil ou a, asirew kew ka jwenn li nan ka yon ijans.

Eklatman Kawotchou

1. Leve pyew sou gaz la. Pa sèvi ak fren yo.
2. Konsantrew sou volan.
3. Ralanti pwogresivman.
4. Frennen dousman lèw kontwole machin nan.
5. Raze w nèt sou pave/wout la.

Veyikil k ap Apwoche sou Liy ou a

1. Son klaksòn ak flach gran limyè yo.
2. Fren rèd.
3. Dirije sou bò wout la.

Fren Mouye

1. Teste fren yo lejèman.
2. Fren yo ka rale sou yon bò oswa yo ka pa kenbe ditou.
3. Seche fren yo lèw kondwi dousman nan vitès ki ba epi aplike fren yo.

Siklis yo

Nan Florida, bisiklèt la defini legalman kòm yon machin epi li gen tout privilèj, dwa ak responsabilite sou wout piblik yo (eksepte otowout ak aksè limite) ke yon operatè machin genyen.

Siklis yo ka kondwi soti nan liy bisiklèt la pou antre nan liy sikilasyon an pou pwòp sekirite yo akòz: wout etwat, pou evite obstak oswa danje sou pave yo, oswa pou prepare yo pou yon vire agòch. Yon siklis gendwa itilize vwa konplè a menm pandan l ap kouri anba vitès sikilasyon an si vwa a twò etwat pou yon machin ak yon bisiklèt kapab pataje.

Siklis yo ka monte sou twotwa yo tou, men yo dwe sede bay pyeton yo sou twotwa yo ak nan pasaj pou pyeton yo.

Règ pou Otomobilis yo

1. Lalwa Eta Florida egzije pou w bay siklis yo yon minimòm de twa pye degaj-ma epi pran prekosyon/vitès dousman lè w ap kondwi bò kote yo oswa lè w ap double yo.
2. Sou yon wout ki gen de vwa, double yon siklis menm jan ou tap fè pou yon machin kap kouri dousman, epi sèlman lè li an sekirite pou fè sa.
3. Nan entèsekson yo, sipoze ke siklis yo ap sikile tou dwat sof si yo siyale w otreman. Sede bay siklis yo menm jan ou tap bay nenpòt lòt machin.
4. Lè ou dwe travèse nan yon liy bisiklèt pou fè yon vire, sede bay nenpòt siklis epi fè vire ou a pa dèyè siklis la.
5. Pa swiv yon siklis twò pre.
6. Nan mitan lannwit, evite itilize gwo limyè devan yo lè yon siklis ap apwoche.
7. Anvan ou ouvri pòt yon machin ou, tcheke si gen siklis ki ka ap vini pa dèyè.
8. Evite klaksonnen epi fè yon siklis sote.

Lwa Siklis yo

1. Siklis yo dwe obeyi tout kontwòl sikilasyon ak siyal yo.
2. Si siklis yo pap sikile nan vitès lòt sikilasyon, yo dwe itilize liy bisiklèt la. Si pa gen liy bisiklèt ki disponib, yo dwe rete sou bò ki pi adwat wout la.
3. Siklis yo gen dwa itilize tout vwa a lè yap vire agòch, lè yap double, pou yo evite danje, oswa lè yon vwa twò etwat pou yo ak yon machin pou pataje li an sekirite.
4. Lè wap monte yon bisiklèt nan yon lari sans inik ki gen de oswa plis vwa sikilasyon, bisiklèt yo ka monte sou bò goch wout la.
5. Siklis yo dwe sèvi ak siyal direksyon men yo (**nan paj 69**) pou montre lòt chofè yo ke yo pral vire.

6. Siklis yo pa dwe janm atache tèt yo oswa bisiklèt yo ak nenpòt machin ki sou wout la.
7. Lè yap kouri sou yon twotwa oswa yon pasaj pou pyeton, siklis yo gen tout dwa ak devwa yon pyeton. Sepandan, yo dwe sede bay pyeton yo dwa pasaj yo epi yo dwe bay yon siyal yo ka tandé anvan yo double pyeton yo.
8. Ant solèy kouche ak solèy leve, bisiklèt yo dwe genyen yon limyè blan vizib a 500 pye sou devan bisiklèt yo ak yon reflektè wouj ak yon limyè wouj vizib a 600 pye pa dèyè.
9. Siklis yo dwe genyen fren ki ka kanpe bisiklèt yo nan yon distans 25 pye apati yon vitès 10 MPH.
10. Tout siklis ak pasaje ki poko gen 16 an oblige mete kas ki reponn ak nòm sekirite federal yo.
11. Si siklis yo ap transpòte yon timoun ki poko gen kat ane, oswa ki peze 40 liv oswa mwens, yo dwe sèvi ak yon valiz lekòl/echap, chèz pou timoun, oswa trelè ki fèt pou pote timoun.
12. Siklis yo pa dwe kite yon timoun sou yon chèz oswa yon transpòtè lè yo pa gen kontwòl imedyat bisiklèt la.
13. Si Siklis yo ap monte ak lòt moun, yo pa gen dwa monte plis pase de kòt a kòt sof si se yon chemen oswa yon pati nan yon wout ki rezèvè pou bisiklèt. Yo dwe monte youn dèyè lòt si yap jennen sikilasyon an.
14. Siklis yo pa dwe mete ekoutè/kas pandan y ap monte bisiklèt sou wout la.
15. Siklis yo pa dwe monte bisiklèt lè yo anba enfliyans alkòl oswa dwòg.

Konsèy Sekirite Siklis yo

- ◆ Kèlkeswa laj ou, mete yon kas.
- ◆ Kenbe tou de men yo sou gidon yo.
- ◆ Sou wout la, tcheke dèyèw anvanw chanje liy oswa deplase sitou nan vwa a.
- ◆ Fè yo wèw. Mete koulè ki briye oswa fliyoresan lè wap monte epi mete yon bagay ki reflete.
- ◆ Pa voye mesaj tèks pandan wap monte bisiklèt.

Veyikil a Motè Komèsyal yo

Pataje wout la ak machin komèsyal a motè (CMVs) tankou semi-kamyon oswa otobis vwayaj vle di respekte diferan règleman ak estrateji sekirite yo.

Règ pou Otomobilis yo

1. Rete andeyò “Zòn Entèdi.” CMV yo gen gwo ang mò devan, dèyè, ak sou toude bò veyikil la. Menmsi gwo machin yo gen plizyè retwovizè, lòt machin yo pral bare pou wè si yo nan “Zòn Entèdi”/ang mò a.
2. Pa kole defans; ou pral nan ang mò dèyè epi ou ka fè kolizyon ak CMV a si li kanpe san zatann.
3. Siw kanpe dèyè yon CMV sou yon mizanivo, kite yon espas si CMV a rekile lè li kòmanse deplase. Rete sou bò gòch la nan liy ou a pou chofè a ka wè machin ou an.
4. Pa sèvi ak gwo limyè devan lè wap swiv yon CMV nan mitan lannwit. Limyè klere pral avèg chofè a lè yo reflete sou gwo miwa bò CMV yo.
5. Lè yon CMV ap soti nan direksyon opoze a, rete sou bò dwat la pou evite yon aksidan lateral.

PATAJE WOUT LA

ANN RIVE LAKAY AN TOUT SEKIRITE

FLHSMV.GOV / *ShareTheRoad*

FLHSMV





Zòn Entèdi yo

6. CMV yo souvan bezwen balanse lajè a goch yo pou yo ka fè yon vire adwat. Pa kondwi ant CMV ak twotwa a—yo p ap ka wèw.
7. Pa janm travèse dèyè yon CMV ki ap prepare pou fè bak oswa ki nan pwosesis pou fè sa. Gwosè pifò CMV yo ak trelè yo kache objè ki dèyè yo pou yo pa wè yo.

Double Machin Komèsyal yo

- ◆ Lè wap double yon CMV, premyèman tcheke devanw ak dèyèw, epi ale nan liy double a sèlman si li klè epi san danje pouw pase. Ou dwe bay siyal ke wap chanje liy epi fè chofè CMV a konnen wap pase lèw klinyote limyè devan yo, sitou lannwit.
- ◆ Double CMV yo sou bò gòch la pou vizibilite maksimòm. Konplete pasaj ou a pi vit posibpouw pa rete nan ang mò a CMV a.
- ◆ Evite koupe twò bonè lè wap double yon CMV. Gwo CMV yo pa ka kanpe

osi vit ke lòt machin yo. Asirew ke ou ka wè kabin lan nan retwovizè ou anvanw konplete pasaj ou a. (Chofè CMV yo ka klinyote limyè devan yo pou fèw konnen ou ka rantre tounen nan liy nan.)

- ◆ Evite double yon CMV sou yon deklasman; pwa ak momantòm CMV a pral lakòz li ogmante vitès.
- ◆ Lè yon CMV double w, rete sou bò dwat liy ou a. Pa akselere pandan CMV ap pase a.

Machin Ijans yo

Otomobilis, siklis, ak pyeton yo dwe sede pasaj la bay machin lapolis, ponpye, ak lòt machin ijans ki sèvi ak sirèn oswa limyè flache yo. Kanpe sou kwen ki pi pre wout la imedyatman epi kanpe jiskaske machin ijans lan pase. Pa bloke entèsekson yo.

Kòtèj Antèman yo

Chofè, siklis, ak pyeton yo dwe sede pasaj bay kòtèj antèman yo. Lè veyikil ki antèt antèman an antre nan yon entèsekson, machin ki rete nan kòtèj antèman an ka swiv entèsekson an kèlkeswa nenpòt aparèy kontwòl trafik yo. Tout veyikil nan kòtèj la ta dwe gen limyè devan yo limen (epi yo ka itilize tou limyè ijans k ap flache) kòm yon siyal pou lòt chofè yo pa kondwi ant oswa entèfere ak kòtèj antèman an.

Machin Gòlf yo

Ou ka sèlman kondwi yon machin gòlf sou teren gòlf oswa sou wout ki deziyen pou machin gòlf yo. Wout sa yo pral make ak siy awopriye yo.

- ◆ Moun ki pokò gen 18 an pa dwe kondwi yon machin gòlf sou wout oswa lari piblik a mwens ke yo genyen yon lisans pou aprann oswa yon lisans

chofè ki valab. Chofè ki gen 18 an oswa plis dwe posede yon fòm idantifi-kasyon foto ki valab ke gouvènman an bay.

- ◆ Yo pa gendwa opere machin gölf yo DITOUT amwenske komin oswa vil espesifik la otorize sa.
- ◆ Yo ka opere yon machin gölf sèlman pandan lè solèy leve ak solèy kouche, sof si gouvènman lokal la pèmèt kondwi andeyò lè sa yo (ekipman adisyonèl obligatwa pou kondwi lannwit.)
- ◆ Ou ka travèse wout eta yo si limit vitès ki afiche a se 45 MPH oswa mwens epi sèlman nan yon entèsekson ak yon aparèy kontwòl trafik.
- ◆ Ou ka kondwi yon machin gölf sou yon twotwa sèlman si li gen omwen 5 pye lajè. Ou dwe sede bay pyeton yo.
- ◆ Yo dwe respekte tout lwa trafik lokal ak eta yo, enkli sede dwapasaj la.

Ekipman Obligatwa pou Machin Golf yo

- ◆ Fren efikas
- ◆ Retwovizè
- ◆ Volan fyab
- ◆ Reflektè avètisman wouj sou devan ak dèyè
- ◆ Kawotchou asire

Chèz sekirite pasaje timoun yo **pa ta dwe** itilize nan machin gölf oswa lòt machin ki gen vitès ba yo (LSV). Chèz machin yo pa teste pou aksidan pou LSV yo epi yo gendwa pa fonksyon jan sa fèt la. Refere w a fabrikan chèz machin espesifik la pou plis enfòmasyon.

OBLIGATWA POU KONDWI LANNIWT

- ◆ Limyè devan yo
- ◆ Limyè fren yo
- ◆ Siyal Vire yo
- ◆ Vit

Machin a Vitès ki Ba yo

Machi a vitès-ba yo (LSV) se machin kat wou ak vitès maksimal 21–25 MPH. Machin gölf yo ka konvèti an machin vitès-ba ak vise vèsa. Ou dwe gen yon lisans chofè valab pow opere yon LSV, epi LSV la dwe:

- ◆ opere sèlman nan lari kote limit vitès afiche a se 35 MPH oswa mwens.
- ◆ dwe ekipe ak limyè devan, limyè stop, siyal vire, limyè dèyè, reflektè reflèks, fren pakin, retwovizè, yon vit devan, senti sekirite, ak yon nimewo idantifikasiyon machin.
- ◆ dwe anrejistre epi byen asire (**nan paj 23 ak nan paj 37**).

Motosiklèt ak Mopèt yo

Chofè motosiklèt ak mopèt yo gen menm dwa ak devwa ke chofè machin a motè yo. Kondiktè ki komèt vyolasyon trafik yo ka resevwa sitasyon.

Règ pou Otomobilis yo

- ◆ Ou pa dwe janm eseye pataje vwa a ak yon motosiklèt. Motosiklis la gen dwa nan tout vwa a.
- ◆ Siveye motosiklèt yo epi gade ak anpil atansyon anvan ou rale nan yon entèsekson oswa chanje liy.
- ◆ Li difisil pou mezire vitès yon motosiklèt paske yo pran mwens espas vizyon ki entèfere ak pèsesyon pwofondè a. Yo gendwa parèt pi lwen pase sa yo vrèman an.

SIVEYE MOTO YO.



KONSEY POU CHOFÈ

- 1** Apre yon aksidan ki enplike yon motosiklèt, chofè yo souvan di, "Mwen pa te wè li". Ogmante konsyantizasyon sou motosiklèt pral fè ou gen plis chans pou wè yo.
- 2** Motosiklèt yo souvan kache nan ang mò oswa maske ak objè oswa kondisyon deyò machin nan (touf, kloti, pon, solèy la, elatriye). Pran plis tan pou chèche motosiklèt.
- 3** Toujou asime yon motosiklèt pi pre pase jan li parèt; vitès ak distans li difisil pou chofè yo jije.
- 4** Don't expect that a motorcyclist will always be able to maneuver out of the way.
- 5** Selon kondisyon wout yo, yon chofè motè ka pran plis tan pou yo kanpe. Toujou pèmèt plis distans dèyè yon motosiklèt.
- 6** Moto-siklis yo ralanti souvan lè yo pase nan vitès enferyè oswa lè yo lache akseleratè, sa vle di yo pa aktive limyè fren an. Pèmèt plis distans ak moun ki dèyè a, epi nan entèsekson yo ke yon chofè moto ka ralanti san avètisman vizyèl.
- 7** Lè ou "Gade pou Motosiklè", wè plis pase motosiklèt la - wè moun ki anba kas la. Li te kapab zanmi ou, vwazen ou, oswa fanmi ou.

- ◆ Pa swiv twò pre dèyè yon motosiklèt paske yo gen kapasite pou yo kanpe pi vit pase lòt veiykil yo.
- ◆ Motosiklis yo souvan ralanti lè yap retrwograde oswa lè yo lache akseleratè a, kidonk pa aktive limyè fren an.
- ◆ Pa janm double yon motosiklis ki gen sèlman kèk pye espas. Fòs rafal van an ka lakòz kondiktè a pèdi kontwòl.
- ◆ Lè yon motosiklèt ap double machin ou, kenbe pozisyon liy ou a. Pa ogmante vitès ou.
- ◆ Kenbe plis pase yon zòn tanpon kat segonn ant oumenm ak yon motosiklis, epi ogmante espas lèw rankontre kondisyon sa yo: move tan, van rafal, wout mouye oswa glase, move kondisyon wout tankou twou, wout gravye, ak pasaj tren yo.
- ◆ Sèvi ak siyal vire ou yo anvan ou chanje bò! Sa a se youn nan aksyon ki pi enpòtan ou ka fè pou ede motosiklis yo rete an sekirite.
- ◆ Operatè motosiklèt yo dwe konplete yon kou sekirite motosiklèt apwouve epi resevwa yon andòsman motosiklèt sou lisans chofè yo oswa yon lisans Motosiklèt Sèlman.
- ◆ Operatè mopèt yo dwe genyen yon lisans pou kondwi Klas E. Yon andòsman motosiklèt pa obligatwa.
- ◆ Operatè motosiklèt yo dwe mete yon kas sof si yo gen plis pase 21 an AK gen yon kontra asirans medikal ki bay omwen \$10,000 nan benefis medikal pou blesi yo.
- ◆ Operatè motosiklèt ak mopèd yo pa oblige gen asirans Pwoteksyon Aksidan Pèsonèl (PIP).
- ◆ Motosiklèt ak mopèd yo:
 - ◆ dwe anrejistre chak ane epi yo dwe gen viyèt apwopriye a; epi
 - ◆ pa dwe opere sou chemen bisiklèt oswa chemen pou pyeton yo.

Fonksyon sekirite Sistèm Avanse Asistans Chofè (ADAS) yo ka **pa** detekte motosiklis oswa motosiklèt yo. Rete veyatif a anviwonman ou an epi toujou swiv konsèy ki anwo yo!

Lwa pou Chofè Motosiklèt/ Mopèt yo

- ◆ Ou dwe gen 16 an oswa plis pouw kondui yon motosiklèt oswa yon mopèt sou yon wout publik.
- ◆ Siw gen mwens pase 18 an, ou dwe genyen yon lisans aprantisaj pandan 12 mwa san okenn kondanasyon pou vyolasyon deplase anvan yo baw yon lisans Motosiklèt Sèlman.

Pyeton yo

Se responsablitè otomobilis la fè tout sa ki posib pou evite kolizyon ak yon pyeton. Lè yo nan yon pasaj pou pyeton oswa yon ale, siklis, sketbòdè, ak patinè yo konsidere kòm pyeton.

Règ pou Otomobilis yo

1. Ou dwe kanpe epi rete kanpe pou pyeton k ap travèse yon lari oswa yon ale nan nenpòt travèse ki make, oswa entèsekson.
2. Lè w ap antre oswa soti nan yon ale, antre kay oswa wout prive, ou dwe kanpe pou pyeton yo sou twotwa a.
3. Pa janm bloke pasaj pou pyeton an lè w kanpe nan yon limyè wouj. Pa kanpe ak okenn pati nan machin ou an depase pasaj pou pyeton an.

4. Ou pa gen dwa depase oswa double yon veyikil ki kanpe nan yon travèse pou pèmèt yon pyeton travèse wout la. Yon chofè k ap apwoche yon veyikil pa dèyè ki kanpe nan yon pasaj pou pyeton dwe asime ke yon pyeton ka travèse, menm lè yo pa ka wè okenn nan moman sa a.
5. Toujou kanpe anvan ou vire adwat sou wouj epi gade tou de bò pou pyeton ki nan pasaj pou pyeton an.
6. Kampe konplètman, sede dwa pasaj la, epi pran plis prekosyon lè w ap apwoche:
 - ◆ yon pyeton ki gen pwoblèm vizyon k ap pote yon baton blan ak yon pwent wouj oswa k e yon bêt sèvis ap gide;
 - ◆ moun ki gen pwoblèm mobilite (ki sèvi ak yon machèt, yon beki, oswa yon baton òtopedik oswa yon chèz woulant) ak pyeton ki sèvi ak yon chen gid oswa yon bêt sèvis; oswa
 - ◆ timoun oswa nenpòt pyeton konfond oswa enkapasite.

Règ pou Pyeton yo

1. Pyeton yo pa dwe mache sou wout la si gen yon twotwa disponib.
2. Lè w ap mache sou yon wout ki pa gen twotwa, toujou mache sou zepòl sou bò gòch la, anfas sikilason an.
3. Travèse wout la nan entèsekso oswa pasaj pou pyeton yo deziyen yo. Pasaj pou pyeton nan entèsekson yo ka make oswa pa make.
4. Pyeton yo dwe sede pasaj yo bay machin yo si yap travèse yon wout nan nenpòt ki pwen ki pa nan yon pasaj pou pyeton.

5. Pyeton yo dwe sede dwa pasaj la bay machin ki nan pasaj pou pyeton yo si limyè pasaj pou pyeton an wouj oswa si yo afiche PA MACHE.

Konsèy Sekirite Pyeton yo

- ◆ Pa janm antre nan lari a ant machin ki estasyone yo. Toujou itilize yon pasaj pou pyeton.
- ◆ Kanpe nan twotwa a oswa arebò si pa gen twotwa. Gade agòch, answit adwat, epi agòch ankò pou machin k ap deplase anvan ou antre nan lari a.
- ◆ Fè yo wèw. Mete koulè viv, reklikektiv ak fliyoresan. Pote yon flach nan mitan lannwit.
- ◆ Pa voye tèks pandan wap mache.
- ◆ Evite mete kas ekoutè pou w ka tande sikilasyon ki ozalantou ou a.

Transpò Biblik



Tout chofè yo dwe bay otobis transpò biblik k ap vwayaje nan menm direksyon an ki te siyale epi k ap reentre sikilasyon an nan yon kote ki deziyen espesyalman.

Otobis Lekòl yo

Li kont lalwa pou nenpòt chofè double yon otobis lekòl lè otobis lekòl la afiche yon siyal kanpe.

Nan yon lari oswa yon otowout desans, tout chofè k ap deplase nan nenpòt direksyon dwe kanpe pou yon otobis lekòl ki kanpe k ap pran oswa depoze timoun yo. Ou dwe rete kanpe jiskaske siyal stop la sispan epi tout timoun yo ale lwen wout la.

Si otowout la divize pa yon baryè ki monte oswa yon medyàn san pave omwen senk pye lajè, ou pa oblige kanpe si wap deplase



De Vwa AK Milti-Vwa ki Pave Atravè

Veyikil k ap vwayaje nan toude direksyon yo **DWE** kanpe.

Divided Highway

Espas ki pa pave yo 5 ft+/medyan anlè/baryè fizik.
Machin ki dèyè bis la **DWE** kanpe.
Machin k ap sikilie nan sans opoze a
dwe kontinye ak prekosyon.

nan direksyon opoze bis la. Liy ki pentire oswa mak pave yo pa konsidere kòm baryè. Ou dwe toujou kanpe si wap deplase nan menm direksyon ak otobis la epiw dwe rete kanpe jiskaske siyal stop la retire.

Travèse Lekòl yo

Zòn lekòl yo ak pasaj yo bay elèv yo yon zòn ki an sekirite lè yo travèse wout pou ale ak soti nan lekòl la. Pano lekòl yo fè chofè yo konnen zòn lekòl yo ak travèse lekòl yo.

Gad k ap travèse moun yo se premye moun ki antre epi dènye ki pou sòti nan yon pasaj pou pyeton pou endike pyeton yo, sitou timoun yo, pral travèse oswa yo ap travèse. **Lè timoun oswa gad travèse lekòl yo preznan nan yon pasaj pou pyeton yo, ou dwe sede epi kanpe nan liy kanpe a epi pa nan pasaj pou pyeton an.**

Machin k ap Deplase Dousman yo

Veyikil agrikòl ki fèt pou fonksyone ak vitès mwens pase 25 MPH dwe montre siy sa a pa dèyè yo lè y ap itilize otowout piblik (pa aksè limite/antreeta yo). Epitou, machin sa yo dwe opere sèlman pandan lajounen sòf si yo ekipe ak bon jan limyè reflektè ki nesesè pou kondwi lannwit.



YouCanStopHT.com

NENPÒTMOUN KA YON VIKTIM TRAFIK IMEN

Trafik imen pa konnen limit. Fòm esklavaj modèn sa a reklame viktим tout laj, sèks, etnisite, ak demografik. Ou ka sove yon lavi lè wkonnen siy yo epi rapote krim lan.

KONNEN SIY YO

FIZIK

- Mak-zikatris, boule, oswa tatwaj • Malnouri
- Pwooblèm dantè grav • Dezoryante o swa konfonn
- Adikte a dwòg • Enfeksyon • Privasyonsomèy

VÈBAL

- Reponnkòmsi yo te antrene • Pèmèt yon lôt moun pale pou li • Pè, enkyete, oswa paranoya
- Exite diskite sou blesi yo

NAN LEKÒL

- Absans ki pa eksplike • Chanjman toudenkou nan rad abilityèl, konpòtman, oswa relasyon yo • plede Kouri sove
- Ogmantasyon toudenkou nan byen materyèl

RAPÔTE KRIM NAN

Pou Rapôte Trafik Imen ou Sispèk bay Lapolis nan FL

**PREMYE
ETAP**

RELE 1-800-342-0820

Pou jwenn èd nan liy direk nasyonal pou trafik imen

**DEZYÈM
ETAP**

RELE 1-888-373-7888



OFFICE OF
ATTORNEY GENERAL
ASHLEY MOODY

— Stronger, Safer Florida —

Repons yo disponib nan: flhsmv.gov/handbooks-manuals.

1. Nan machin ou, kisaw ta dwe ajiste anvanw demare motèw la?
2. Ki kondisyon yo ekipman pou vit vit ak fenèt lateral yo?
3. Ki kondisyon yo pou wotè defans yo? Èske yo se menm pou chak machin?
4. Kisaw dwe fè siw ap pote yon chaj materyèl ki ka tonbe oswa gaye sou wout la?
5. Lè yon chaj pwojte depase plis pase 4 pye de veyikil la, kisaw dwe itilize pou make li klèman pandan lajounen? Nan nwit?
6. Poukisa kondwi ak domi danjere?
7. Kisaw ta dwe fè si yon lòt chofè ap menasew oswa siw ap kondwi yon fason danjere bò kotew?
8. Ki twa kategori prensipal nan kondwi distrè?
9. Poukisa voye mesaj tèks se youn nan konpòtman ki pi danjere nan kondwi distrè?
10. Èske yon moun ka bwè ak kondwi san danje?
11. Jijman ak vizyon ou afekte aprew fin bwè alkòl. Kiyès ki afekte an premye?
12. Kisa ki ka rivew siw nan yon aksidan epiw pa mete senti sekirite?
13. Timoun ki laj yo egzije pou nan yon chèz machin? Nan yon chèz machin oswa reyosè?
14. Si yon ofisyé polis kanpe yon machin epi pasaje chèz devan an ki pokogen 18 lane pa mete senti sekirite, ki moun ki pral akize pou vyolasyon senti sekirite a?
15. Kisa yon sèl liy blan brize sou gran wout la vle di?
16. Kisa yon doubl liy jòn solid nan sant gran wout la vle di? Yon doubl liy solid blan?
17. Kisa yon liy jòn solid adwat liy santral gran wout la vle di?
18. Kisa koulè pano sikilasyon yo endike (wouj, zoranj, jòn, elatriye)?
19. Lè plis pase yon veyikil ap apwoche yon siy kanpe kat direksyon, kiyès ki deplase an premye?
20. Kisa yon limyè sikilasyon wouj vle di? Kisa yon limyè wouj kap flache vle di?

21. Apre yon arè konplè nan yon limyè wouj ki lè yon chofè ka vire adwat?
22. Kisa yon flèch vèt ki afiche an menm tan ak yon limyè wouj vle di ou ka fè??
23. Ki sa yon limyè jòn kap flache vle di?
24. Si wap apwoche yon pasaj tren ki pa gen pòtay oswa limyè epiw wè yon tren ap vini, kisaw ta dwe fè?
25. Kisa ki rive fòs enpak la lèw double vitès ou a? Triple vitès ou a?
26. Sòf si afiche otreman, ki limit vitès pou machin nan yon zòn rezidansyèl?
27. Ki limit vitès maksimòm sou yon gran wout ak aksè limite?
28. Èske yo ka baw yon sitasyon pouw kondwi twò lantman?
29. Ki etap sa yo pou fè yon arè dousman?
30. Ki siyal men pou yon vire agòch? Vire dwat? Ralanti oswa kanpe?
31. Konbyen tan (distans) ou ta dwe siyale anvanw fè yon vire agòch oswa adwat?
32. Kilèw ka itilize yon vire twa pwen? Ki kotew ta dwe pa janm fè yon vire twa pwen?
33. Kisa ki yon entèsekson louvri? Ki lèw dwe sede bay dwa pasaj?
34. Kilèw ka kondwi nan liy göch nan yon wout ki gen de liy? Ak kat liy?
35. Kisa sa vle di siw wè reflektè wouj sou liy vwa yo anfas ou? Kisaw ta dwe fè?
36. Ki distans pouw swiv yon machin an sekirite yo rekòmande? Kilèw ta dwe ogmante distans swivi ou a?
37. Kisa ang mò yo ye?
38. Kijanw tcheke ang mò w yo lè wap prepare pou chanje liy oswa vire?
39. Ki kote li ilegal pou double ak pase?
40. Nan ki sikonstans ou ka kanpe nan liy akselerasyon an sou yon otowout?
41. Kisaw ta dwe fè siw depase sòtiw la sou yon otowout ak aksè limite?
42. Ki kotew ta dwe deplase veyikil ou a sil tonbe anpann pandanw ap kondwi sou otowout la?
43. Ki pi lwen ou ka pake sou yon twotwa?
44. Siw gen yon transmisyon manyèl, ki angrenaj ou ta dwe mete machin nan lèw ap pake pou desann mòn? Monte mòn? E siw gen yon transmisyon otomatik?
45. Ki kote pakin entèdi?

46. Sou ki bò w ta dwe vire wou yo lèw ap estasyone sou yon ti mòn sou yon twotwa? E si se wap monte mòn kote ki pa gen yon twotwa?
47. Ki fason ou ta dwe vire wou yo si wap pake desann mòn?
48. Èske otomobilis yo oblige kanpe oswa sede bay pyeton k ap travèse lari a?
49. Kisaw dwe fè lèw wè yon pyeton ak yon baton blan nan lari devan ou a?
50. Ki distans minimòm yon otomobilis dwe sede bay lè wap kondwi bò kote yon siklis?
51. Kòm yon otomobilis, kisaw ta dwe fè lèw ap prepare pouw vire adwat sou yon wout ki gen yon liy bisiklèt?
52. Lèw sou wout la, èske motosiklis yo ak mopèt yo gen menm dwa ak responsabilite ak chofè machin yo?
53. Antanke chofè, èskew gen dwa pataje yon vwa ak yon motosiklis?
54. Lè yon otobis lekòl kanpe pou depoze timoun yo sou yon gran wout ki divize ak yon baryè ki wo, èske veyikil k ap vwayaje nan direksyon opoze a oblige kanpe?
55. Lè yon bis lekòl kanpe pou depoze timoun yo, èske veyikil k ap sikile nan menm direksyon an oblige kanpe?
56. Kisaw dwe fè lè timoun oswa gad travèse lekòl yo preznan yon pasaj pou pyeton?
57. Kisaw dwe fè si yon machin ijans ak limyè ak/oswa sirèn ap pwoche bò kotew pa dèyè w?
58. Kisa Lwa Deplase La egzijew pouw fè?
59. Ki sa ki se yon "Zòn Entèdi"?
60. Nan ki lèw dwe itilize limyè devan yo?
61. Nan mitan lannwit, nan konbyen pye wap pwoche bò kote yon machin pa dèyè ou dwe limen gwo limyè devan ou yo?
62. Nan konbyen pye yon machin kap apwoche ou dwe limen gwo limyè devan yo?
63. Lè wap kondwi nan lapli, nan bwouya, oswa nan lafimen pandan lajounen, ki limyè ou ta dwe itilize?
64. Kisaw ta dwe fè lè wap kondwi sou wout mouye nan lapli? Poukisa?
65. Kisaw ta dwe fè si wou dwat ou yo soti sou pave a pandan wap kondwi?
66. Kisaw ta dwe fè si kawotchou ou yo kòmanse glise pandan wap kondwi?
67. Nan frenaj ijans, ki diferans ki genyen ant fren konvansyonèl ak fren antiblokaj yo (ABS)?
68. Kisaw ta dwe fè pandan yon eklatman kaoutchou?

69. Kisaw dwe fè si ou enplike nan yon ti aksidan epi machin ou an bloke sikilasyon an?
70. Siw frape yon machin ki estasyone epiw pa kapab jwenn pwopriyetè a, kisaw ta dwe fè?
71. Kisa penalite yo ye lè w kite sèn yon aksidan ki enplike blesi oswa lanmò?
72. Ki egzijans yo pou Lwa San Fòt la?
73. Si yo sispann lisans ou ak anrejistremou paske yo vyole Lwa San Fot la, kisa ou dwe fè pou re-establi yo?
74. Kisa penalite yo ye siw gen fòt nan yon aksidan epiw pa gen asirans an konfòmite ak Lwa sou Responsabilite Finansye a?
75. Ki dire restriksyon yo pou yon otomobilis ki gen yon lisans pou aprann?
76. Ki dire restriksyon yo pou yon otomobilis ki gen lisans ki poko gen 17 an? Ki poko gen 18 an?
77. Kilè yo ka akizew pou kondwi anba enfliyans (DUI)?
78. Kisa penalite yo ye pou refize pran yon tès san, yon tès pipi, oswa yon tès souf lè yo sispèk wap kondwi anba enfliyans?
79. Kisa ki ka rive si yo jwenn ou koupab ap fè kous sou otwout la?
80. Siw gen yon lisans pou aprann, konbyen èdtan eksperyans kondwi ki nesesè pou w ka genyen lisans kondwi Klas E a?
81. Ki kou edikasyon ou oblige pran siw ap aplike pou yon lisans pou aprann (oswa ou pa janm gen yon lisans kondwi)?
82. Èskew obligé fè FLHSMV konnen nenpòt pwoblèm sante ki ka afekte kondwi w?
83. Poukisa yon moun ta chwazi pou pran yon Kou Amelyorasyon Chofè Debaz?
84. Ki manèv ki obligatwa nan yon egzamen kondwi?


WORKING TO MAKE

A SAFER FLORIDA**MyDMV Portal →****Tcheke tout saw kapab fè nan mydmvportal.flhsmv.gov**

Renouvre oswa ranplase lisans ou oswa kat idantifikasyon ou	Jwenn lokalizasyon ak enfòmasyon kontak pou sant sèvis machin ak biwo pèseptè taks yo
Renouvre anrejistreman machin ak bato ou	Tcheke disponiblité plak pèsonalize
Anrejistre enfòmasyon kontak ijans	Jwenn founisè egzamen twazyèm pati yo
Chanje adrès ou sou lisans chofè w la	Telechaje manyèl lisans chofè yo
Kòmande dosye kondwi ou	Kòmande yon rapò aksidan
Tcheke estati lisans chofè w la	Kòmande yon tit enprime sou papye
Elimine sinksyon ki gen rapò ak asirans sou lisans ou	Gade ak/oswa enprime dokiman ki soti de MyDMVPortal
Retabli lisans chofèw la	Gade an dirèk rapò sou kondisyon wout yo nan FHP
Tcheke kalifikasyon oto ekòl ou	Siveye istoryal kondwi adolesan ou an
Gade istoryal sinksyon ou	Aksede enfòmasyon sekirite

Kreye kont ou kounye a sou MyDMVPortal.flhsmv.gov pou jwenn aksè nan tout sèvis sou entènèt nou yo!

Depatman Sekirite Woutyè ak Veyikil a Motè Florida ofri yon varyete sèvis ki soti depi nan chanjman adrès ak renouvèlman yo sou: MyDMVPortal.flhsmv.gov. Pou konplete renouvèlman anrejistreman veyikil ak bato, kliyan yo ka telechaje aplikasyon mobil FLHSMV MyFlorida tou. Aplikasyon MyFlorida a pèmèt kliyan yo renouvre yon anrejistreman an tout sekirite sou yon veyikil oswa yon bato ki elijib epi resevwa prèv tranzaksyon pou itilize jiskaske anrejistreman an rive pa lapòs. Aplikasyon MyFlorida disponib pou telechaje gratis kounye a atravè iTunes ak Google Play.



FLHSMV



Florida Department of Highway Safety and Motor Vehicles

2900 Apalachee Pkwy, Tallahassee, FL 32399

www.flhsmv.gov